

PANGANGGENING *RETORIKA HIPERBOLA*
WONTEN ING *ANTOLOGI CERKAK LELAKONE SI LAN MAN*
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

SKRIPSI

Kaaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Salah Satunggaling
Sarat Pikantuk *Gelar*
Sarjana Pendidikan



Dening
Syaifudin Ridlotulloh
NIM 09205241056

PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panganggening Retorika Hiperbola Wonten Ing Antologi Cerkak Lelakone Si Lan Man Anggitanipun Suparto Brata* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, 3 Juni 2013

Dosen Pembimbing I,

Mulyana, M. Hum

NIP. 19661003 199203 1 002

Yogyakarta, 3 Juni 2013


Dosen Pembimbing II,

Afendy Widayat, M. Phil.

NIP. 19620416 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panganggening Retorika Hiperbola Wonten Ing Antologi Cerkak Lelakone Si Lan Man Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 14 Juni 2013 saha dipuntetepaken lulus.

| Asma | Jabatan | Tapak Asma | Tanggal |
|--------------------------|--------------------|--------------------------------------------------------------------------------------|-------------|
| Hardiyanto, M. Hum. | Ketua Penguji |  | 1 Juli 2013 |
| Afendy Widayat, M. Phil. | Sekretaris Penguji |  | 1 Juli 2013 |
| Sutrisna Wibawa, M. Pd. | Penguji I |  | 1 Juli 2013 |
| Mulyana, M. Hum. | Penguji II |  | 1 Juli 2013 |


Yogyakarta, 2 Juli 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,




Prof. Dr. Zamzani

NIP.19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Syaifudin Ridlotulloh**

NIM : 09205241056

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 8 Juni 2013

Panyerat



Syaifudin Ridlotulloh

SESANTI

Jer basuki mawa beya

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhateng Allah SWT, skripsi menika kula pisungsungaken dhateng Bapak Ibu kula: Bapak Muh Zaeroni kaliyan Ibu Istiqomah ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, kabegjan, saha kabagyan satemah skripsi kanthi irah-irahan “*Panganggening Retorika Hiperbola Wonten Ing Antologi Cerkak Lelakone Si Lan Man Anggitanipun Suparto Brata*”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk gelar *Sarjana Pendidikan*.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd. MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni.
3. Dr. Suwardi, M. Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ijin kangge nglampahi panaliten menika.
4. Bapak Mulyana, M. Hum minangka pembimbing I saha Bapak Afendy Widayat, M. Phil minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmi ingkang migunani saengga skripsi menika saged dipunpungkasi kanthi sae.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. Bapak Muh Zaeroni, Ibu Istiqomah, Mas Ridwan, Mas Erwin, Dik Huda saha Dik Dwi ingkang sampun paring panjurung saengga tansah tatag teteg satemah tutug tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.
7. Kanca-kanca kelas B / 2009 saha kanca-kanca kontrakan CJ 09 ingkang sampun paring panjurung anggenipun nyerat skripsi menika.
8. Staff karyawan FBS UNY ingkang sampun mbiyantu tumrap panyerat.
9. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sadaya pihak ingkang sampun mbiyantu boten saged kula sebutaken sadaya, ingkang sampun paring

donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Skripsi menika tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi.

Yogyakarta, 9 Juni 2013

Panyerat

A handwritten signature in black ink, consisting of stylized letters and a long horizontal stroke extending to the right.

Syaifudin Ridlotulloh

WOSING ISI

Kaca

| | |
|--------------------------------------|------|
| IRAH-IRAHAN | i |
| PASARUJUKAN | ii |
| PENGESAHAN | iii |
| WEDHARAN | iv |
| SESANTI | v |
| PISUNGSUNG | vi |
| PRAWACANA | vii |
| WOSING ISI | ix |
| DAFTAR TABEL | xi |
| DAFTAR LAMPIRAN | xii |
| SARINING PANALITEN | xiii |
| DAFTAR SINGKATAN | xiv |
| | |
| BAB I PURWAKA | 1 |
| A. Dhasaring Panaliten | 1 |
| B. Underaning Perkawis | 5 |
| C. Watesaning Panaliten | 5 |
| D. Wosing Perkawis | 6 |
| E. Ancasing Panaliten | 6 |
| F. Paedahing Panaliten | 7 |
| G. Pangertosan | 7 |
| | |
| BAB II GEGARAN TEORI | 9 |
| A. <i>Unsur Retorika</i> | 9 |
| 1. <i>Pangertosan Retorika</i> | 9 |
| 2. <i>Jinising Retorika</i> | 10 |
| 3. <i>Pemajasan Hiperbola</i> | 14 |

| | |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| 4. Wujud <i>Satuan Gramatikal Hiperbola</i> | 15 |
| 5. <i>Ginanipun Pemajasan Hiperbola</i> | 20 |
| 6. <i>Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man</i> | 23 |
| B. Panaliten Ingkang Jumbuh | 25 |
| C. <i>Kerangka Pikir</i> | 26 |
| BAB III CARA PANALITEN | 28 |
| A. Jinising Panaliten | 28 |
| B. <i>Data saha Sumbering Data</i> | 29 |
| C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i> | 30 |
| D. Pirantining Panaliten | 31 |
| E. Caranipun Ngalalisis <i>Data</i> | 32 |
| F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i> | 34 |
| BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN | 35 |
| A. Asiling Panaliten | 35 |
| B. Pirembagan | 50 |
| Wujud <i>Satuan Gramatikal</i> saha <i>Ginanipun Retorika Hiperbola</i> wonten ing <i>Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man</i> anggitanipun Suparto Brata | 51 |
| a. <i>Frase</i> | 51 |
| b. <i>Klausa</i> | 69 |
| c. <i>Ukara</i> | 77 |
| BAB V PANUTUP | 83 |
| A. Dudutan | 83 |
| B. Pamrayogi | 84 |
| C. Implikasi | 84 |
| <i>DAFTAR PUSTAKA</i> | 86 |
| <i>LAMPIRAN</i> | 89 |

DAFTAR TABEL

| | Kaca |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------|
| Tabel 1 : Analisis Data | 33 |
| Tabel 2 : Wujud <i>Satuan Gramatikal</i> saha Ginanipun <i>Retorika</i> <i>Hiperbola</i> wonten ing <i>Antologi Cerkak Lelakone</i> <i>Si lan Man Anggitanipun Suparto Brata</i> | 36 |
| Tabel 3: Analisis Wujud <i>Satuan Gramatikal</i> saha Ginanipun <i>Retorika Hiperbola</i> wonten ing <i>Antologi Cerkak Lelakone</i> <i>Si lan Man Anggitanipun Suparto Brata</i> | 90 |

DAFTAR LAMPIRAN

| | |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------|
| | Kaca |
| <i>Analisis Wujud Satuan Gramatikal saha Ginanipun Retorika</i> <i>Hiperbola wonten ing Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man</i> <i>Anggitanipun Suparto Brata</i> | 90 |

**PANGANGGENING RETORIKA HIPERBOLA
WONTEN ING ANTOLOGI CERKAK LELAKONE SI LAN MAN
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA**

**Dening: Syaifudin Ridlotulloh
NIM 09205241056**

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika ngandharaken wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* salebeting antologi cerkak kasebut ingkang dipuntuturaken dening para paraganipun.

Panaliten menika kalebet panaliten *analisis isi (Content Analysis)*. Data ing panaliten menika awujud wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola*. Sumber datanipun inggih menika *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Caranipun ngempalaken *data* inggih menika kanthi teknik maos saha teknik nyathet. *Data* dipunanalisis ngginakaken *metode analisis isi* inggih menika panaliti ngandharaken wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *konteksipun*. Kangge manggihaken *validitas* data ngginakaken *validitas semantik* saha *pertimbangan ahli*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas* data ngginakaken *reliabilitas intra-rater*.

Asiling panaliten inggih menika wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang dipunpanggihaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata inggih menika *frase, klausa* saha *ukara*. Ginaning *retorika hiperbola* wonten *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata inggih menika kangge saya nggambaraken gegambaran, nyangetaken tuturan, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha nggambaraken manah paraga.

DAFTAR SINGKATAN

| | |
|-------|---------------------------------------------------|
| F | : <i>Frase</i> |
| K | : <i>Klausa</i> |
| U | : <i>Ukara</i> |
| SNG | : Saya nggambangaken gegambaran |
| NT | : Nyangetaken tuturan |
| NKK | : Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tertamtu |
| NM | : Nggambaraken manah paraga |
| KIK | : Kasaput Ing Kasepen |
| RBT | : Ruwete Benang Tenun |
| SK | : Swara Kendhang |
| ND | : Nyadran |
| PP | : Pasien Pungkasan |
| CSDK | : Crita Saka Dhaerah Kana |
| LGWK | : Lagu Gandrung Wong Kampung |
| PF | : Pen Friend |
| RC | : Reca |
| MP | : Mripat |
| LSLM | : Lelakone Si Lan Man |
| TP | : Tanti Peteng |
| VO | : Viruse Ogam |
| RN | : Reuni |
| IPWU | : Ing Pulo Wekasane Urip |
| DTG | : Dibayangi Tali Gantungan |
| JKP | : Janjian Karo Peri |
| WW 01 | : Wong Wadon 01 |
| MA | : Manten Anyar |
| OSA | : Omah Sewan Anyar |

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa gadhah ayahan ingkang wigatos sanget wonten ing panggesangan padintenan. Kanthi ngginakaken basa manungsa saged sambung gineman, ngandharaken pamanggih, gagasan kaliyan *ekspresinipun* dhateng tiyang sanes. Piranti kangge ngandharaken pamanggih, gagasan kaliyan *ekspresinipun* menika saged awujud *karya sastra*. *Karya sastra* inggih menika salah satunggaling wujud *karya seni* ingkang awujud seratan ngginakaken basa minangka medianipun.

Basa ingkang dipunginakaken wonten ing *karya sastra* menika beda kaliyan basa ingkang dipunginakaken wonten ing panggesangan padintenan. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing *karya sastra* menika boten basa sambung gineman ing padintenan, nanging basa ingkang mirunggan (Semi, 1993: 52). Panganggening basa wonten ing *karya sastra* menika sampun kaolah dening panganggit saengga saged ngasilaken *efek estetis* utawi kaendahan. *Efek estetis* wonten ing *karya sastra* dipunginakaken panganggit kangge nyaosi panglipur dhateng pamaos kaliyan saged nuwuhaken emosi pamaos.

Panganggening basa ingkang sampun kaolah dening panganggit menika saged ndadosaken kaendahan wonten ing *karya sastra*. Panganggening basa ingkang endah menika saged narik kawigatosanipun pamaos kangge maos *karya sastra* menika ngantos pungkasan. *Karya sastra* saged dipunsebut endah menawi *karya sastra* menika gadhah sipat ngremenaken, boten mboseni kaliyan saged nyaosi karemenan tumrap pamaos. Salajengipun, *karya sastra* saged dipunsebut

gadhah paedah menawi lelampahan maos *karya sastra* menika boten lelampahan ingkang buwang wekdal pamaos (Wellek kaliyan Warren, 1993: 26). Saking lelampahan maos *karya sastra* menika, pamaos saged mendhet paedah ingkang arupa piwulang panggesangan kangge dipuntrepaken wonten ing panggesangan bebrayan masarakat.

Panganggit nggambaraken pamanggih, gagasan, penggalih sarta *imajinasipun* wonten ing *karya sastra* awujud geguritan, cerkak, roman menapa dene *karya sastra* sanesipun menika, boten saged uwal saking piranti basa. Dados, basa inggih menika piranti ing *karya sastra* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken utawi nggambaraken asiling pikir, gagasan sarta penggalih ingkang wonten ing manah panganggit ingkang badhe dipunandharaken kangge pamaos.

Pamaos boten gampil supados mangertos wosing *karya sastra*. Salah satunggaling pepalang kangge mangertos wosing *karya sastra* inggih menika wonten ing bab basa ingkang dipunginakaken dening panganggit. Teeuw (1983: 12) ngandharaken bilih supados saged mangertos wosing *karya sastra*, pamaos kedah mangertos *kode-kode* ingkang wonten ing *karya sastra* inggih menika antawisipun *kode* basa. Salajengipun Teeuw (1983: 12) ngandharaken bilih *kode* basa inggih menika *sistem kode* ingkang kedah dipunmangertosi dening pamaos, amargi tanpa mangertos basa minangka *medium* utami *karya sastra*, pamaos boten gampil saha boten saged mangertos wosing *karya sastra* ingkang dipunwaos.

Supados pamaos saged mangertos wosing *karya sastra*, panganggit kedah gadhah kaprigelan ngginakaken basa kanthi *efektif*. Bab menika saged dipunlampahi dening kaprigelan panganggit kangge ngolah saha ngginakaken

basa minangka sarana ngandharaken gagasanipun panganggit. Kangge nggambaraken *ekspresi* utawi *pengalaman* wonten ing manah panganggit, piyambakipun gadhah lelewaning basa kaliyan tetenger ingkang mirunggan. Wonten wujud-wujud andharan basa ingkang saged dipunginakaken dening panganggit minangka sarana *ekspresinipun*.

Retorika menika salah satunggaling wujud basa ingkang saged nyaosi *efek* kaendahan. *Retorika* inggih menika panganggening saha pangolahing basa ingkang ngginakaken *konstruksi* basa ingkang sampun rinacik saengga pamaos utawi pangrungu dipuntuntun supados saged mikir (Pradopo, 2009: 93). Kanthi ngginakaken *retorika* kasebut, panganggit saged nggambaraken *ekspresi* saha ngolah penggalhipun ngginakaken basa minangka pirantinipun.

Kejawi perkawis kalawau, *retorika* ugi saged narik kawigatosanipun saha penggalhipun pamaos. Saking andharan basa kasebut, saged nggambaraken salah bawa kaliyan raos ingkang dipunraosaken panganggit, ugi saged ndadosaken tetenger ingkang mirunggan wonten ing asiling *karya sastra*. Kangge pamaos, *retorika* saged ngasilaken *imajinasi*, saengga saged mendhet wosing *karya sastra* saha badhe mikir *efek* menapa ingkang dipunandharaken panganggit saking asiling *karya sastranipun*.

Unsur *retorika* menika kathah dipunginakaken dening Suparto Brata wonten ing buku *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man*, mliginipun panganggening *pemajasan hiperbola*. Panganggening *pemajasan hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak menika langkung kathah, saengga saged narik kawigatosanipun pamaos supados maos asiling *karya sastra* saking panganggit. Panganggening *pemajasan*

hiperbola wonten ing buku *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* saged dipuntingali wonten ing tuladha ing ngandhap menika.

“*Nanging omonge ing angen-angen kuwi nembus Sing Duwe Langit! Nyatane Ceplis diundang dening direktur pabrik plastik Peacock.*”

Tembung “*omonge ing angen-angen kuwi nembus Sing Duwe Langit*” menika salah satunggaling panganggening *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man*. Tembung wonten ing ukara menika kalebet andharan ingkang kelangkung-langkung. Kanthi ngginakaken *hiperbola*, tembung kasebut ngandharaken bilih kekajenganipun Ceplis menika nginggil sanget, saking nginggil sanget dipungambaraken ngantos nembus ingkang kagungan langit inggih menika Gusti Allah.

Panaliten menika kedah dipunlampahi amargi panaliti ningali taksih sekedhik panaliten-panaliten ingkang ngrembag bab *retorika*, mliginipun bab panganggening *pemajasan hiperbola* wonten ing *karya sastra* ingkang awujud *antologi* cerkak ingkang ngginakaken basa Jawi. Kejawi bab menika, *antologi* cerkak menika ugi dereng nate dipuntliti kaliyan *kualitas antologi* cerkak menika sae. Bab menika saged dipuntingali saking cara panganggit ngandharaken penggalih saha gagasanipun saking tembung-tembung ingkang sampun kaolah kanthi cetha kaliyan endah saengga karipta wacana ingkang *efektif* saha mirunggan.

Panganggening *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* menika narik kawigatosanipun panaliti supados ngrembag saha nлити ingkang wonten gegayutanipun kaliyan wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun

retorika hiperbola. Awit saking menika, panaliten dipunlampahi supados saged mangertos panganggening *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man*.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar saking dhasaring panaliten menika, saged dipunpendhet underaning perkawis bab *retorika hiperbola*. Underaning perkawis wonten ing panaliten menika saged dipuntingali ing ngandhap menika.

1. Wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.
2. Ginanipun *retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.
3. Panganggening *diksi* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata .

C. Watesaning Perkawis

Wonten ing panaliten menika boten ngandharaken sadaya perkawis kados ing nginggil menika, nanging panaliten menika dipunwatesi wonten ing bab *retorika*. Ing panaliten menika dipunwatesi malih mliginipun bab *pemajasan hiperbola*, inggih menika wujud *satuan gramatikal hiperbola* saha ginanipun panganggening *hiperbola*.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar saking watesaning perkawis ing nginggil menika, saged dipunpendhet wosing perkawis bab *retorika hiperbola*. Wosing perkawis wonten ing panaliten menika saged dipuntingali ing ngandhap menika.

1. Kadospundi wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata?
2. Kadospundi ginanipun *retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata ?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar saking wosing perkawis ing nginggil menika, saged dipunpendhet ancasing panaliten. Ancasing ngawontenaken panaliten menika saged dipuntingali ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.
2. Ngandharaken ginanipun *retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten wonten kalih, inggih menika paedah panaliten *teoritis* saha *praktis*. Awit saking menika, panaliten menika dipunkajengaken supados gadhah paedah kados mekatan.

1. Teoritis

Asiling pirembagan panaliten menika kaangkah supados saged suka paedah kangge ngrembakakaken kawruh saha suka pambiyantu kangge panaliti salajengipun ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *retorika*, mliginipun bab *pemajasan hiperbola*. Kejawi bab menika, panaliten menika saged nambahi kawruh bab panaliten ingkang wonten gegayutanipun kaliyan basa, mliginipun panganggening *retorika*.

2. Praktis

Asiling pirembagan panaliten menika kaangkah supados saged suka *kontribusi* kangge pendidikan, supados paraga pendidikan ingkang maos saged mangertos menapa kemawon wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Paedah praktis sanesipun inggih menika saged dados *referensi* kangge panaliten sanesipun ingkang ngrembag babagan *retorika*.

G. Pangertosan

Irah-irahan panaliten menika Panganggening *Retorika Hiperbola* wonten ing *Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man* Anggitanipun Suparto Brata. Kangge

njumbuhaken penggalih dhateng irah-irahan menika, badhe dipunandharaken bab *konsep* wonten ing ngandhap menika.

1. *Retorika* inggih menika kaprigelan ngandharaken gagasan, pamrayogi saha pawarta dhateng tiyang sanes kanthi *efektif* ngginakaken basa minangka pirantinipun.
2. *Hiperbola* inggih menika jinising lelewaning basa ingkang ngewrat andharan ingkang kelangkung-langkung gunggungipun, ukuran utawi sipatipun supados saged nyaosi sipat nyangetaken wonten ing satunggaling wedharan, kawontenan kangge *memperhebat*, mindhakaken *kesan* saha pangaribawanipun.
3. *Antologi* Cerkak inggih menika kempalan saking kathah irah-irahan cerkak ingkang sampun dipunkempalaken dados setunggal buku.
4. *Satuan Gramatikal* inggih menika satuan-satuan ingkang ngewrat *arti*, awujud *arti leksikal* menapa *arti gramatik*.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Unsur Retorika

1. Pangertosan *Retorika*

Andharan basa wonten ing *karya sastra* menika kaca benggala saking raos kaliyan solah bawa panganggit supados saged ngaribawa solah bawa kaliyan raos pamaos. Supados penggalhipun kaliyan gagasan panganggit menika saged dipuntampi pamaos, panganggit kedah gadhah kaprigelan ngginakaken basa kanthi *efektif*.

Wujuding andharan basa wonten ing *karya sastra* menika kedah *efektif*, tegesipun saged nyengkuyung gagasan kanthi leres kaliyan gadhah sipat kaendahan minangka dados *karya seni* (Nurgiyantoro, 2009: 295). Sipat kaendahan wonten ing *karya sastra* menika saged dipungayuh kanthi ngginakaken *unsur retorika*. *Retorika* inggih menika kaprigelan ngandharaken gagasan, pamrayogi saha pawarta kangge tiyang sanes kanthi *efektif* ingkang ngginakaken basa minangka pirantinipun.

Kaprigelan panganggit ngolah basa ngasilaken wujud basa ingkang saged ngendahaken cara panganggit ngandharaken gagasan saengga ndadosaken wacana ingkang mirunggan saha *efektif*. Keraf (2007: 3) ngandharaken bilih *retorika* inggih menika satunggaling *teknik* panganggening basa minangka seni ingkang adhedhasar kawruh ingkang kasusun kanthi sae. Mekaten ugi pamanggihipun Badrun (1989: 44) ngandharaken bilih *retorika* inggih menika rerangkening tembung-tembung ingkang *artistik* supados saged nggayuh *tekanan* saha *efek-efek* tartamtu.

Miturut Nurgiyantoro (2009: 295) ngandharaken bilih *retorika* inggih menika satunggaling kaprigelan panganggening basa kangge nggayuh *efek estetis* utawi kaendahan. Mekaten ugi pamanggihipun Sayuti (1985: 124) ngandharaken bilih *retorika* inggih menika piranti *tipu muslihat* penggalih ingkang ngginakaken *konstruksi* basa supados saged ngaribawa pamaos supados mikir.

Saking andharan wonten ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih *retorika* inggih menika kaprigelan sambung gunem kanthi *efektif* ingkang ngginakaken basa minangka pirantinipun. Retorika saged ngasilaken wujud-wujud basa, saha ngasilaken wacana ingkang mirunggan kaliyan *efektif* supados saged ngasilaken *efek* tartamtu. Amargi mekaten, basa ingkang mirunggan saha *efektif* saged dipuntemtokaken saking kaprigelan *imajinasi* saha *kreativitas* panganggit wonten ing pangolahing penggalih kaliyan gagasan kangge nemtokaken *efektif* menapa boten wacana ingkang sampun dipunasilaken (Nurgiyantoro, 2009: 296).

2. Jinising Retorika

Abrams (lumantar Nurgiyantoro, 2009: 296) ngandharaken bilih *retorika* kaperang dados kalih, inggih menika panganggening *pemajasan (figuratif language)* kaliyan wujud *pencitraan (images)*. Beda kaliyan pamanggihipun Badrun (1989: 44) *retorika* kaperang namung *pemajasan* kemawon. Sami kaliyan pamanggihipun Badrun, Sayuti (1985: 125) ugi ngandharaken bilih *retorika* ugi kasebat namung perkawis *pemajasan*.

Miturut Pradopo (2009: 94) jinising *retorika* menika awujud *pemajasan* ingkang wonten kathah jinisipun gumantung *periode*. Saben *periode* menika

gadhah *kekhususan* wonten ing panganggening saha pamilihing *retorika* wonten ing *karya sastra*. Wonten ing panaliten menika, wosing perkawis dipunwatesi namung ngrembag bab *pemajasan* kemawon.

Ratna (2009: 164) ngandharaken bilih *pemajasan* inggih menika pilihan tembung tartamtu saking panganggit supados saged nggayuh kaendahan. Miturut Nurgiyantoro (2009: 296) *pemajasan* (*figure of thought*) inggih menika kaprigelan ngandharaken basa, lelewaning basa, ingkang tegesipun boten pinuju wonten ing teges *harfiah* tembung–tembungipun, ananging wonten ing teges ingkang *tersirat*. Dados, *pemajasan* menika *gaya* ingkang dipunsengaja dipunginakaken wonten ing tuturan kanthi ngginakaken basa *kias*. Basa *kias* inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken satunggaling bab ingkang boten pinuju kanthi langsung dhateng *objek* ingkang dipuntuju.

Basa *kias* inggih menika basa ingkang ngginakaken tembung-tembung ingkang kasusun sae, saha tegesipun menika *tersirat* supados saged ngasilaken *kesegaran* saha kakiyatan *ekspresi* (KBBI, 2002: 89). Wonten ing kasusastran Jawa, basa *kias* menika saged awujud kanthi ngginakaken tembung entar. Miturut Jatirahayu (2007: 59) ngandharaken bilih tembung entar inggih menika tembung silihan utawi tembung ingkang gadhah teges boten salimrahipun utawi boten salugune. Tuladhanipun : *ati ketul* tegesipun ati ingkang boten gampang mempan samangsa dipunparingi ngelmu utawi kawruh. Menawi tiyang menika mikir boten saged mangertos kanthi gampang, satemah tiyang ingkang gadhah ati kados mekaten banjur dados tiyang bodho.

Panganggening basa *kias* gadhah ancas kangge nyaosi *efek* tartamtu saengga menapa ingkang dipunandharaken saged narik kawigatosanipun pamaos. Wonten ing *karya sastra*, panganggening basa *kias* menika kangge mindhakaken *efek estetis* saengga saged narik kawigatosanipun pamaos. Dale (lumantar Tarigan, 1985: 179) basa *kias* inggih menika basa endah ingkang dipunginakaken supados mindhakaken *efek* tartamtu kanthi nepangaken sarta bandingaken satunggaling bab kaliyan bab sanesipun ingkang langkung umum.

Para ahli sampun mantha-mantha jinising *pemajasan* (basa *kias*). Miturut Keraf (2007: 63) jinis-jinis *pemajasan* (basa *kias*) inggih menika.

- | | |
|-------------------------|--------------------------|
| 1. <i>Simile</i> | 10. <i>Antonomasia</i> |
| 2. <i>Metafora</i> | 11. <i>Hipalase</i> |
| 3. <i>Alegori</i> | 12. <i>Ironi</i> |
| 4. <i>Personifikasi</i> | 13. <i>Sinisme</i> |
| 5. <i>Alusi</i> | 14. <i>Sarkasme</i> |
| 6. <i>Eponim</i> | 15. <i>Satire</i> |
| 7. <i>Epitet</i> | 16. <i>Inuendo</i> |
| 8. <i>Sinekdoke</i> | 17. <i>Antifrasis</i> |
| 9. <i>Metonomia</i> | 18. <i>Paronomasia</i> . |

Kejawi menika, Pradopo ugi mantha-mantha bab jinising *pemajasan*.

Jinising *pemajasan* miturut Pradopo (2007: 63) inggih menika.

- | | |
|----------------------------|---------------------|
| 1. <i>Simile</i> | 5. <i>Metonomia</i> |
| 2. <i>Metafora</i> | 6. <i>Sinekdoke</i> |
| 3. <i>Perumpamaan epos</i> | 7. <i>Alegori</i> . |
| 4. <i>Personifikasi</i> | |

Fananie ugi mantha-mantha bab jinising *pemajasan*. Miturut Fananie (2002: 37-40) ngandharaken bilih jinising *pemajasan* menika kados mekaten.

- | | |
|-------------------------|---------------------|
| 1. <i>Simile</i> | 5. <i>Eponim</i> |
| 2. <i>Metafora</i> | 6. <i>Epifet</i> |
| 3. <i>Personifikasi</i> | 7. <i>Alegori</i> |
| 4. <i>Alusio</i> | 8. <i>Sinekdoke</i> |

- | | |
|-----------------------|------------------------|
| 9. <i>Metonimia</i> | 13. <i>Paranomasia</i> |
| 10. <i>Hipalase</i> | 14. <i>Ironi</i> |
| 11. <i>Inuende</i> | 15. <i>Sinisme</i> |
| 12. <i>Antifrasis</i> | 16. <i>Sarkasme</i> . |

Badrun ugi ngandharaken jinising *pemajasan* wonten ing *retorika*. Jinising *pemajasan* miturut Badrun (1989: 44) kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

- | | |
|---------------------------|------------------------|
| 1. <i>Tautologi</i> | 6. <i>Paradoks</i> |
| 2. <i>Pleonasme</i> | 7. <i>Kiasmus</i> |
| 3. <i>Enumerasi</i> | 8. <i>Ambiguitas</i> |
| 4. <i>Paralelisme</i> | 9. <i>Elipsis</i> |
| 5. <i>Under statement</i> | 10. <i>Hiperbola</i> . |

Ahli sanes, ugi ngandharaken bab jinising *pemajasan*. Miturut Nurgiyantoro (2000: 297-300) ngandharaken bilih jinising *pemajasan* menika ngliputi.

- | | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1. <i>Simile</i> | 5. <i>Sinekdoke</i> |
| 2. <i>Metafora</i> | 6. <i>Paradoks</i> |
| 3. <i>Personifikasi</i> | 7. <i>Hiperbola</i> . |
| 4. <i>Metonimia</i> | |

Ratna (2009: 164) ngandharaken bilih jinising *pemajasan* menika wonten sekawan jinis inggih menika *majas penegasan*, *majas perbandingan*, *majas pertentangan* saha *majas sindiran*. Sekawan jinis *pemajasan* kasebut taksih kaperang malih dados *subjenis* sanesipun ingkang jumbuh kaliyan tetengeripun. Salah satunggaling *subjenis* saking *majas perbandingan* inggih menika *hiperbola*.

Kejawi menika, Tarigan (1986: 180) ugi ngandharaken bilih *pemajasan* menika kaperang dados sekawan jinis, inggih menika *majas perbandingan*, *majas pertentangan*, *majas pertautan*, saha *majas perulangan*. Sekawan jinis *pemajasan*

kasebut ugi taksih kaperang malih dados *subjenis-subjenis*. Salah satunggaling *subjenis* saking *majas pertentangan* inggih menika *hiperbola*.

Adhedhasar jinis-jinising *pemajasan* wonten ing nginggil menika, saged dipuntingali bilih jinising *pemajasan* menika wonten mapinten-pinten, saha para ahli menika damel *klasifikasi* piyambak-piyambak. Jinising *pemajasan* wonten ing gegaran teori menika dipunlampahi kanthi madosi bab-bab ingkang sami saking pamanggih para ahli wonten ing nginggil. Salah satunggaling jinising *pemajasan* wonten ing nginggil inggih menika *hiperbola*.

3. Pemajasan Hiperbola

Tembung *hiperbola* saking basa Yunani ingkang tegesipun “*boros*”, “kelangkung-langkung”. Tembung *hiperbola* dipunandhapkan saking tembung *hyper* “kelangkung-langkung” saha *ballien* “buwang”. *Hiperbola* inggih menika satunggaling lelewaning basa ingkang ngewrat satunggaling wedharan ingkang kelangkung-langkung kanthi ngagengaken menapa kemawon (Keraf, 2007: 135). Miturut Ratna (2009: 445) ngandharaken bilih *hiperbola* inggih menika *majas perbandingan* ingkang ngluwihi sipat saha kasunyataan ingkang sajatosipun.

Kejawi menika, Tarigan (1986: 186) ngandharaken *hiperbola* inggih menika jinising lelewaning basa ingkang ngewrat wedharan ingkang kelangkung-langkung gunggungipun, ukuranipun utawi sipatipun supados kangge paring sipat nyangetaken wonten ing satunggaling wedharan utawi kawontenan kangge *memperhebat*, mindhakaken *kesan* saha pangaribawanipun. Waluyo (1987: 85) ugi ngandharaken bilih *hiperbola* inggih menika basa *kias* ingkang kelangkung-

langkung, panganggit ngolah basa kanthi ngluwihaken samukawis ingkang dipunbandingaken supados saged narik kawigatosan pamaos.

Saking pangertosan-pangertosan wonten ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih *hiperbola* inggih menika satunggaling lelewaning basa kangge medharaken samukawis, kadadosan, bab utawi wedharan kanthi nglangkungaken gegambaran supados langkung narik kawigatosanipun pamaos. Suparto Brata minangka panganggit ngginakaken *hiperbola* ingkang langkung kathah wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man*. Kekajenganipun ngginakaken *hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak menika supados langkung endah, sae, *variatif*, narik kawigatosan pamaos saha saged nengsemaken pamaosipun.

4. Wujud Satuan Gramatikal Hiperbola

Satuan gramatikal inggih menika satuan-satuan ingkang ngewrat *arti*, awujud *arti leksikal* menapa *arti gramatik* (Ramlan, 1987: 27). Ramlan (1987: 27) ngandharaken bilih *arti leksikal* inggih menika teges saking tembung ingkang jumbuh kaliyan *acuan* (kamus), dene *arti gramatik* inggih menika teges ingkang kadadosan amargi *peristiwa gramatik* (ater-ater, seselan, panambang, imbuhan lsp). Tuladhanipun tembung *туру* saha *keturon*.

Tembung *туру* menika tembung lingga ingkang taksih wetah utawi dereng rinaketan imbuhan menapa kemawon. Miturut Poerwadarminto (1939: 616) tegesipun *туру* inggih menika leren sarta ngaso kanthi sengaja ingkang limrah socanipun merem. Salajengipun tembung *keturon* menika kalebet tembung andhahan ingkang tegesipun sare boten dipunsengaja. Tembung *туру* saha *keturon*

menika gadhah teges ingkang beda, sinaosa tembung lingganipun sami, inggih menika *туру*. Imbuhan bebarengan wonten ing tembung lingga *туру* ndadosaken teges *туру* menika ewah, saking tegesipun leren sarta ngaso kanthi sengaja dados sare boten dipunsengaja.

Ramlan (1987: 27) ugi ngandharaken bilih wujud *satuan gramatikal* menawi dipunurutaken saking nginggil arupi *wacana, kalimat, klausa, frase, kata saha morfem*. Wujud *satuan gramatikal hiperbola* wonten ing *antologi cerkak Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata ingkang dipunpanggihi wonten tiga, inggih menika *frase, klausa saha ukara*. Pirembagan bab *frase, klausa saha ukara* saged dipuntingali ing ngandhap menika.

a. *Frase*

Frase inggih menika gabungan kalih tembung utawi ingkang langkung asipat *non predikatif* (Kridalaksana, 2001: 59). Mekaten ugi pamanggihipun Mulyana (2009: 35) mratelaken bilih *frase* inggih menika *konstruksi gramatikal* ingkang kaperang saking kalih tembung utawi langkung ingkang sipatipun boten *predikatif*. Miturut Parera (2009: 54) *frase* inggih menika satunggaling *konstruksi* ingkang saged kabentuk saking kalih tembung utawi langkung, ingkang awujud pola ukara utawi boten. Mekaten ugi pamanggihipun Nurhayati (2006: 153) mratelaken bilih *frase* inggih menika gabungan saking kalih tembung utawi langkung ingkang ngisi salah satunggaling paedah *sintaksis*.

Kejawi menika Ramlan (1987: 151) ugi ngandharaken bilih *frase* inggih menika *satuan gramatikal* ingkang kaperang saking kalih tembung utawi langkung ingkang boten ngluwihi batas paedah *unsur klausa*, tegesipun *frase*

menika asring wonten ing setunggal *fungsi klausa* inggih menika jejer, wasesa, lesan, geganep utawi panerang kemawon. Miturut Keraf (2001: 138) *frase* inggih menika satunggaling *konstruksi* ingkang kaperang saking kalih tembung utawi langkung ingkang saged damel *kesatuan*. Mekaten ugi pamanggihipun Soeparno (2002: 101) ngandharaken bilih *frase* inggih menika satunggaling *konstruksi* ingkang kaperang saking kalih tembung utawi langkung minangka *unsuripun*. Tuladha *frase hiperbola* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Budi ora kuwat nanggulangi hawa nafsu kang murup makantar-kantar.*

Frase murup makantar-kantar kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*. Tembung *murup* minangka *inti frase* saha *makantar-kantar* minangka *atribut frase*. Miturut Sasangka (2001: 127) ngandharaken bilih *inti frase* inggih menika perangan ingkang dipunterangaken, dene *atribut frase* inggih menika perangan ingkang nerangaken *inti frase*.

Frase hiperbola ugi saged nglampahi *frase terpisah* utawi *implisit*. Bab menika saged kadadosan amargi antawisipun *inti frase* kaliyan *atribut frase* menika pisah utawi boten sinambung gandheng wonten ing satunggaling *konstruksi frase*. Tuladha *frase terpisah* menika saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Budi* : *Wah Doni kae saiki dadi sugih, ning njur umuk, dadi ya sirahe...*
Adi : *Lha iya, sak gajah. Dhasare wong ra genah nemu bebungah.*

Pamaos anggenipun nemtokaken tembung menika kalebet *frase* menapa boten kedah saged mangertos tetengeripun *frase*. Tetenger *frase* miturut Wibawa (2004: 9) inggih menika.

1. *Kadadosan saking kalih tembung utawi langkung.*

2. *Drajatipun dumunung ing antawisipun tembung saha klausa, utawi dumunung ing sanginggiling tembung nanging sangandhaping klausa.*
3. *Urut-urutaning tembung boten kenging nglangkungi wasesa*
4. *Limrahipun kadadosan saking kalih perangan, inggih menika perangan inti saha perangan atribut.*

b. *Klausa*

Miturut Nurhayati (2006: 149), *klausa* inggih menika tembung ingkang ngewrat setunggal wasesa, utawi wujud *linguistik* ingkang kaperang saking jejer saha wasesa. *Klausa* inggih menika tataran *gramatikal* wonten ing nginggilipun *frase* saha wonten ing andhapiipun ukara (Arifin, 1990: 4).

Wibawa (2004: 10) mratelaken bilih *klausa* inggih menika rerangkening tembung ingkang sampun ngudhar salah satunggaling gagasan utawi salah satunggaling bab. Mekaten ugi pamanggihipun Sasangka (2001: 136) ingkang ngandharaken *klausa* inggih menika rerangkening tembung ingkang saged ngudhar satunggaling gagasan utawi salah satunggaling bab. Kejawi menika, Ramlan (1987: 89) ngandharaken bilih *klausa* inggih menika *satuan gramatik* ingkang kaperang saking jejer saha wasesa, ingkang saged dipuntambahi lesan saha panerang utawi boten.

Saking pangertosan wonten ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih ingkang kedah wonten ing *konstruksi klausa* inggih menika wasesa. Satunggaling *konstruksi* ingkang sampun gadhah unsur jejer saha wasesa sampun saged dipunsebut *klausa*, saged dipundhereki kaliyan paedah-paedah sanesipun (lesan, geganep saha panerang) utawi boten. Tuladha *klausa hiperbola* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Mbok delengen pacarku ayuuuuuuuuuuu tenan ora kaya pacarmu.*

Klausa menika kaperang saking jejer, saha wasesa minangka *unsuripun*.
Pacarku minangka jejer, saha *ayuuuuuuuuuuu tenan* minangka wasesa.

Pamaos anggenipun nemtokaken kalebet *klausa* menapa boten kedah saged mangertos tetengeripun *klausa*. Tetenger *klausa* miturut Sasangka (2001: 136) inggih menika sakboten-botenipun wonten ing basa lisan, *klausa* kedah wonten wasesanipun. Ananging wonten ing basa sinerat, *klausa* sakboten-botenipun kadadosan saking jejer saha wasesa. Kejawi menika, *klausa* ugi saged madeg dados ukara.

c. Ukara

Miturut Sasangka (2001: 140), ukara inggih menika rerangkening tembung ingkang saged ngudharaken sawijining karep ganep sabab. Sami kaliyan pamanggihipun Sasangka, Wibawa (2004: 10) ugi mratelaken bilih ukara inggih menika rerangkening tembung ingkang saged ngudharaken satunggaling kekajengan jangkep setunggal bab. Kejawi bab menika, Nurhayati (2006: 122) ugi ngandharaken bilih ukara inggih menika satuan basa ingkang saged madeg piyambak, kaperang saking rerangkening tembung-tembung ingkang dipuntengeri kanthi ngginakaken intonasi pungkasan, saha kaperang saking *klausa*.

Pamaos anggenipun nemtokaken kalebet ukara menapa boten kedah saged mangertos tetengeripun ukara. Tetenger ukara miturut Sasangka (2001: 140) inggih menika.

1. *Saged madeg piyambak*
2. *Sakboten-botenipun dumadi saking setunggal klausa, inggih menika jejer setunggal saha wasesa setunggal.*
3. *Ing basa seratan Latin, wiwitanipun ukara katulis mawa akasara murda, saha pungkasanipun mawa tandha titik, koma, titik koma, tandha seru, sarta tandha pitakon.*

4. *Ana laguning pocapan utawi intonasi.*

Wonten tetenger ingkang bedakaken antawisipun *klausa* kaliyan ukara, inggih menika caranipun nyerat saha *intonasi*. Miturut Sasangka (2001: 140) ngandharaken bilih *klausa* ing basa tulis kawiwitan boten ngginakaken aksara murda (*kapital*), dene ukara menika kawiwitan ngginakaken aksara murda (*kapital*) kaliyan dipunpungkasi kaliyan tandha titik, koma, titik koma, tandha pakon sarta tandha pitakon. *Intonasi* utawi laguning pocapan wonten ing *klausa* menika boten wonten, dados saumpami dipunwaos namung rata kemawon. Nanging ukara menika ngginakaken *intonasi* utawi laguning pocapan, wonten minggah saha mudhunipun swanten. Tuladha ukara *hiperbola* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Swarane Adi mecah jagad sakisine*. Manungsa lan kewan padha wedi kabeh.

Ukara menika kaperang saking jejer, wasesa saha lesan minangka *unsuripun*. Ukara menika kaperang saking tembung *swarane Adi* minangka jejer, *mecah* minangka wasesa, saha *jagad sakisine* minangka lesan.

5. **Ginanipun Pemajasan Hiperbola**

Panganggening *pemajasan* wonten ing *retorika* gadhah *peran* ingkang wigatos wonten ing *karya sastra*, amargi kaendahan *karya sastra* saged dipunsengkuyung kanthi ngginakaken *pemajasan* kasebut. *Karya sastra* ngginakaken basa ingkang sampun kaolah saengga saged ngasilaken kaendahan utawi *efek estetis*. *Efek estetis* wonten ing *karya sastra* saged nyaosi karemenan kangge pamaos sarta saged nuwuhaken *emosi* pamaos. Kangge ngripta *efek estetis* menika saged ngginakaken *unsur retorika* inggih menika *pemajasan hiperbola*.

Pemajasan hiperbola menika gadhah guna wonten ing *karya sastra*. Ing ngandhap menika pirembagan bab ginanipun *pemajasan hiperbola*.

a. Saya nggamblangaken gegambaran

Panganggit minangka narator ugi paraga ingkang nyariosaken nyobi medharaken gegambaran kanthi cetha. Sayuti (1985: 124) ngandharaken bilih *pemajasan* inggih menika piranti utawi sarana kangge nggayuh gegambaran supados langkung cetha. Sami kaliyan pamanggihipun Perrine (lumantar Badrun, 1989: 26) ngandharaken bilih *pemajasan* inggih menika cara ingkang sae kangge medharaken satunggaling bab kanthi cetha.

Miturut Pradopo (2009: 62) *pemajasan* inggih menika basa ingkang *mengiaskan* utawi ndadosaken sami satunggaling bab kaliyan bab sanesipun supados gegambaranipun saged cetha, narik kawigatosan, saha saged nggesangaken gegambaran. Inggih dipungambaraken dening panganggit menika satunggaling bab ingkang limrah kadadosan wonten ing panggesangan, saengga gegambaran ingkang dipunbandingaken dados langkung cetha. Tuladha ginanipun *hiperbola* kangge saya nggamblangaken gegambaran saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Dalan–dalan ing kutha Jakarta ing mangsa rendheng dadi banjir mulak-mulak amarga udan kang deres mau bengi.*

b. Nyangataken tuturan

Ginanipun *pemajasan hiperbola* wonten ing teori panaliten menika kangge nyangataken tuturan tartamtu. Miturut Pradopo (2007: 98) kanthi teoritis *hiperbola* saged gadhah guna kangge nyangataken teges, *intensif* wedharan utawi emosi. Satunggaling bab ingkang dipunageng-agengaken saged nyaosi sipat

nyangetaken tuturan, saengga pamaos saged nglampahi *imajinasi* menika kanthi cara ingkang kelangkung-langkung. Tuladha ginanipun *hiperbola* kangge nyangetaken tuturan saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Aku tresna lahir batin marang sliramu, tresnaaaaa banget marang sliramu dik.*

c. Nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu.

Pemajasan gadhah guna kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, tuladhanipun kawontenan sepi, rame, ajrih, mbebayani, bingah lan sapanunggalanipun. Miturut Nurgiyantoro (2000: 297) panganggening *pemajasan* menika saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu saha saged ngendahaken pacelathon ingkang ateges saged mbiyantu nggayuh ancasing *estetis* karya sastra menika minangka karya seni. Tuladha ginanipun *hiperbola* kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Bakul-bakul sayuran ing pasar Wage kae padha ngukuti dagangane marga wedi karo pangamuking udan ing wayah awan kuwi.*

d. Nggambaraken manah paraga

Pemajasan saged gadhah guna kangge nggambaraken manah paraga. Waluyo (1987: 83) ngandharaken bilih basa inggih menika cara kangge suka *intensitas* raosing manah sarta saged ngandharaken solah bawa panganggit. Panganggit ngginakaken *hiperbola* kangge nggambaraken kawontenan paraga, kados ta raos bingah, susah, tresna, sedhih lan sapanunggalanipun. Tuladha ginanipun *hiperbola* kangge nggambaraken manah paraga saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

- *Dhuuh.. ati kang remuk iki ora bisa nambani sakite atiku, malah tansaya nambahi ruwet masalahku.*

Adhedhasar ginaning *pemajasan hiperbola* ing nginggil menika, saged dipuntingali bilih ginaning *pemajasan hiperbola* menika wonten mapinten-pinten. Para ahli menika damel *klasifikasi* piyambak-piyambak. Ginaning *pemajasan hiperbola* wonten ing panaliten menika mendhet saking teori para ahli saha dipunjumbuhaken kaliyan *data* awujud *hiperbola* ingkang sampun dipunpanggihi wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man*. Dados, saged dipunpendhet dudutan bilih ginanipun *pemajasan hiperbola* wonten ing panaliten menika wonten sekawan. Wondene ginanipun *pemajasan hiperbola* inggih menika saya nggambaraken gegambaran, nyangetaken tuturan, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha saged nggambaraken manah paraga.

6. Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man

Antologi cerkak *Lelakone Si lan Man* menika wosipun kempalan cerkak-cerkak anggitanipun Suparto Brata saking taun 1960 ngantos 2003 ingkang sampun kapacak wonten ing kathah *media massa*. Cacahipun cerkak wonten ing buku *antologi* menika wonten 20 cerkak. Cerkak-cerkak ingkang sampun kapacak wonten ing *Panjebar Semangat* inggih menika Kasaput Ing Kasepen, Ruwete Benang Tenun, Nyadran, Wong Wadon 01 saha Manten Anyar. Dene cerkak-cerkak ingkang sampun kapacak wonten ing *Jayabaya* inggih menika Swara Kendhang, Pasien Pungkasan, Crita Saka Dhaerah Kana, Pen Friend, Reca, Mripat, Lelakone Si Lan Man, Reuni, Ing Pulo Wekasan Urip, saha Dibayangi Tali Gantungan.

Cerkak sanesipun inggih menika Lagu Gandrung Wong Kampung ingkang kapacak wonten ing *Vista*, Tanti Peteng saha Viruse Ogam ingkang kapacak wonten ing *Praba*, Janjian Karo Peri ingkang kapacak wonten ing *Tabloid Jawa Anyar* saha Omah Sewan Anyar ingkang kapacak wonten ing *Suara Merdeka Minggu*. Cerkak–cerkak menika dipunkempalaken dados satunggal buku kaliyan dipunparingi irah–irahan *Lelakone Si lan Man* ingkang irah–irahan menika salah satunggaling cerkak wonten ing *antologi* cerkak menika.

Buku *antologi* menika dipunterbitaken dening putra saha para mantu Suparto Brata inggih menika Tatit, Sandra, Wahyudi, Tera, Neo, Yetty, Tenno saha Lyta. Kekajenganipun nerbitaken *antologi* cerkak menika minangka pisungsung mangayubagya tanggap warsanipun Suparto Brata kaping 72. Buku *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* menika sajatosipun sampun dipunkempalaken wonten ing *antologi* cerkak ingkang irah-irahanipun *Trem*, dipunterbitaken dening Pustaka Pelajar Yogyakarta, November 2000. Wosing *antologi Trem* menika wonten 36 cerkak. Ananging amargi dados buku ingkang kandhel sanget, pramila wosing cerkak *Trem* namung 20 cerkak.

Antologi cerkak *Lelakone Si lan Man* menika macak cerkak sanesipun ingkang wonten ing *Trem* ingkang boten katut kapacak. Anggenipun macak dipunurut saking asiling karya cerkak ingkang rumiyin, ngantos ingkang pungkasan. *Antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* menika kempalan cerkak anggitanipun Suparto Brata awit saking taun 1960-2003. Buku *antologi* cerkak menika dipunterbitaken dening Narasi Yogyakarta taun 2005 ingkang gunggungipun 372 kaca.

B. Panaliten Inkgang Jumbuh

Sarana Retorika Pada Cerbung *Suket Teki* Karya Suwardi Endraswara di Majalah *Panjebar Semangat*.

Panaliten menika dipunlampahi dening Suprapti, mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni UNY. Wonten ing panaliten menika dipunandharaken bilih *pemajasan* ingkang dipunginakaken wonten ing cerbung menika inggih menika *personifikasi*, *hiperbola*, *simile*, *metafora*, *repetisi*, *klimak* saha *pertanyaan retorik*. Salajengipun, jinising *citraan* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten Suprapti inggih menika *citraan gerak*, *citraan penglihatan*, *citraan pendengaran*, *citraan penciuman*, saha *citraan peraba*. Ginanipun *retorika* wonten ing panaliten Suprapti inggih menika kangge damel *konkrit* gegambaran, saged nggayuh *efek* kaendahan, nyangetaken teges, narik kawigatosan pamaos, saged damel gesang gegambaran, saha nuwuhaken pancadriya pamaos.

Wonten bab-bab ingkang sami kaliyan beda antawisipun panaliten anggitanipun Suprapti kaliyan panaliten menika. Bab ingkang sami inggih menika sami-sami nliti *retorika* kaliyan ginanipun. Lajeng ingkang beda inggih menika wonten ing *objek* panaliten, panaliten Suprapti ngrembag *pemajasan* saha *citraan*. *Pemajasan* saha *citraan* ingkang wonten ing cerbung *Suket Teki* anggitanipun Suwardi Endraswara menika dipunrembag sadaya, nanging wonten ing panaliten menika *objek* ingkang badhe dipuntliti namung setunggal, inggih menika namung *pemajasan hiperbola* kemawon, mliginipun bab *wujud satuan gramatikal* saha ginanipun *hiperbola*.

Lajeng ingkang beda malih inggih menika bab *subyek* panaliten. *Subyek* panaliten Suprapti inggih menika cerbung *Suket Teki* anggitanipun Suwardi Endraswara. Wonten ing panaliten menika *subyekipun* inggih menika *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

C. Kerangka Pikir

Cerkak inggih menika salah satunggaling *karya sastra* ingkang wonten gayutanipun kaliyan basa. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing *karya sastra* sampun kaolah rinacik dening panganggit, saengga saged nggayuh *efek estetis* utawi kaendahan.

Panganggit asring ngginakaken *retorika* wonten ing *karya sastra* ingkang saged nggayuh efek tartamtu kaliyan saged nggayuh *efek* kaendahan. *Retorika* inggih menika kaprigelan sambung gunem kanthi *efektif* ingkang ngginakaken basa minangka pirantinipun. *Retorika* ugi saengga saged ngasilaken wujud-wujud basa saha ngasilaken wacana ingkang mirunggan kaliyan *efektif* supados ngasilaken *efek* tartamtu. Irah-irahan panaliten menika “Panganggening *Retorika Hiperbola* wonten ing *Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man* Anggitanipun Suparto Brata”. Panaliten menika kaangkah kangge ngandharaken panganggening *retorika hiperbola*, mliginipun wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak kasebut.

Jinising panaliten menika panaliten *metode analisis isi*. Lampah-lampahing panaliten kados mekaten : maos *antologi* cerkak menika kanthi tliti saha ngati-ati, lajeng pados *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak

menika, salajengipun nindakaken nyathet wonten ing *kartu data*. *Data* ingkang sampun dipuncatet lajeng dipunpadosi *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* kanthi *metode analisis isi*. *Data retorika hiperbola* menika awujud rerangkening tembung-tembung ingkang kalebet *hiperbola* saha dipunanalisis adhedhasar *konteksipun*.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten menika *panaliten analisis isi*, inggih menika panaliten ingkang nganalisis wosing saking satunggaling teks. *Analisis isi* inggih menika satunggaling teknik kangge ngempalaken saha nganalisis wosing saking seratan teks, wosipun menika awujud tembung, gagasan, tema saha piweling (Neuman, 2000: 292). *Analisis isi* menika ngrembag satunggaling wosing pawarta ingkang awujud seratan utawi ingkang sampun kacetak wonten ing *media massa*. Analisis isi anggenipun ngolah data menika ngandharaken makna ingkang wonten ing teks, saengga saged mangertos bab piweling ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit.

Panaliti ngginakaken *metode analisis isi* amargi wonten ing panaliten menika nliti bab tembung-tembung utawi rerangkening tembung *hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata adhedhasar *konteksipun*. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Prastowo (2011: 81) ingkang ngandharaken bilih *metode analisis isi* inggih menika satunggaling metode ingkang panalitenipun dipunlampahi kanthi damel *inferensi* kanthi *kontekstual*. Dados, wosing teks wonten ing *antologi* cerkak menika saged dipunmangertosi kanthi wetah. Panaliten menika nliti kadospundi wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

B. Data saha Sumbering Data

Data wonten ing panaliten menika arupi rerangkening tembung-tembung ingkang wonten gayutanipun kaliyan *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Sumber *data* panaliten menika awujud buku *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Cerkak–cerkak menika sampun kapacak wonten ing kathah *media massa*. Buku *antologi* cerkak menika dipunterbitaken dening Narasi Yogyakarta taun 2005 ingkang gunggungipun 372 kaca.

Buku *antologi* menika wosipun wonten 20 cerkak. Cerkak–cerkak ingkang sampun kapacak wonten ing *Panjebar Semangat* inggih menika Kasaput Ing Kasepen, Ruwete Benang Tenun, Nyadran, Wong Wadon 01 saha Manten Anyar. Dene cerkak–cerkak ingkang sampun kapacak wonten ing *Jayabaya* inggih menika Swara Kendhang, Pasien Pungkasan, Crita Saka Dhaerah Kana, Pen Friend, Reka, Mripat, Lelakone Si Lan Man, Reuni, Ing Pulo Wekasan Urip, saha Dibayangi Tali Gantungan.

Cerkak sanesipun inggih menika Lagu Gandrung Wong Kampung ingkang kapacak wonten ing *Vista*, Tanti Peteng saha Viruse Ogam ingkang kapacak wonten ing *Praba*, Janjian Karo Peri ingkang kapacak wonten ing *Tabloid Jawa Anyar* saha Omah Sewan Anyar ingkang kapacak wonten ing *Suara Merdeka Minggu*.

Buku *antologi* cerkak ingkang irah-irahanipun *Lelakone Si lan Man* menika dipundadosaken sumbering *data* amargi wonten ing *antologi* cerkak menika kathah panganggening *retorika hiperbola* ingkang narik kawigatosanipun

panaliti. Suparto Brata minangka panganggit *antologi* cerkak menika, gadhah tetenger ingkang mirunggan wonten ing *retorika* saha lelewaning basa ingkang dipunginakaken kangge nyerat cerkak-cerkak menika. Bab ingkang wigatos sanget kapriksani ing reriptanipun Suparto Brata inggih menika basanipun. Panjenenganipun wasis sanget ngandharaken gagasan-gagasan kanthi ngginakaken basa Jawa standar ingkang kepenak menawi dipunwaos, boten mboseni.

Unsur-unsur retorika ingkang dipunginakaken wonten ing *antologi* cerkak menika kathah, inggih menika ingkang awujud *pemajasan* sarta *citraan*. Wonten ing panaliten menika, ingkang badhe dipunrembag dipunwatesi namung *pemajasan hiperbola* kemawon mliginipun bab wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola*.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika dipunlampahi kanthi *teknik* maos saha *teknik* nyathet. *Teknik* maos inggih menika maos sadaya *data* ingkang wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata kanthi ngati-ati saha tliti supados saged nemtokaken panganggening *retorika hiperbola*. *Teknik* nyatet inggih menika nyatet sadaya *data* ingkang sampun dipunpanggihi saking asiling maos cerkak menika.

Lampahing panaliti kaping sepisan, maos *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata kangge mangertosi saha manggihaken *data* ingkang dipunkajengaken. Kaping kalih, dipuntindakaken *teknik* nyathet. *Teknik*

nyathet dipuntindakaken dening panaliti kanthi nyathet sadaya *data* ingkang ngemu *retorika hiperbola* salebeting *antologi* cerkak kasebut. Salajengipun, proses ngempalaken *data* dipuntindakaken kanthi mekaten.

1. *Teknik* maos; panaliti maos kanthi ngati-ati saha tliti sadaya *data* salebeting *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Proses menika dipuntindakaken kangge manggihaken *retorika hiperbola*.
2. Sasampunipun *data* dipunpanggihaken, lajeng dipunpadosi wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola*, kalebet wujud *frase* utawi *klausa*. Sadaya *data* dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang dados landhesan.
3. Salajengipun, madosi bab ginaning *retorika hiperbola*, panaliti nggayutaken *konteks* kaliyan makna ukara ingkang dipunandharaken dening paraga salebeting *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man*. Bab menika dipuntindakaken saengga saged dipunpendhet dudutan bab ginaning *retorika hiperbola*.
4. Teknik nyathet; asil saking proses maos sadaya *data* kang kalebet *retorika hiperbola* menika dipuncathet.
5. Salajengipun, dipuncatet wonten ing kartu *data*. Nyatet *data* wonten ing kartu *data* menika supados nggampilaken panaliti anggenipun ngrembag *data*.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten menika ngginakaken *tabel analisis* ingkang kabantu dening kartu *data*. *Kartu data* dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang sampun dipunpanggihaken, saha *tabel analisis* dipunginakaken kangge nglebetaken *data* saking *kartu data*. Wonten ing

lampahing ngempalaken *data*, panaliti ugi ngginakaken kartu *data* minangka piranti kangge mbiyantu nyatet *data* ingkang wonten gayutanipun kaliyan *objek* panaliten ingkang sampun dipunpendhet saking asiling maos *antologi* cerkak menika.

Kartu *data* ingkang dipunginakaken menika ngewrat *data* ingkang wonten gayutanipun kaliyan wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Panganggening kartu *data* menika saged mbiyantu kanthi *sistematik* amargi nggampilaken nyatet *data* ingkang jumbuh saha mbiyantu anggenipun ngecek *data*.

Tuladha format kartu *data*.

| | |
|--------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <i>Nomor data</i> | : 35 (<i>Frase</i>) |
| <i>Sumber data</i> | : Lelakone Si lan Man kaca 161 |
| <i>Wujud data</i> | : Sanajan anggone memitran karo Si wis samono lawase, nanging lagi saiki Man migatekake pawakane Si kuruuu, <i><u>kuru ru-ru banget.</u></i> |
| <i>Makna</i> | : Ngandharaken bilih raganipun Si menika kuru sanget. |
| <i>Ginanipun</i> | : Saya nggamblangaken gegambaran, saha nyangetaken tuturan. |

E. Caranipun Ngalalisis *Data*

Wonten ing panaliten menika, caranipun nganalisis *data* ngginakaken *metode analisis isi*. *Metode analisis isi* ngrembag bab tembung-tembung utawi rerangkening tembung ingkang kalebet *hiperbola* adhedhasar *konteksipun*. Bab ingkang dipunandharaken inggih menika wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun

retorika hiperbola salebeting *antologi cerkak Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

. Lampah-lampahing *metode analisis isi* wonten ing panaliten menika kados mekaten.

1. *Data* saking kartu *data* dipunwaos malih saha dipunjumbuhaken kaliyan wacana cerkak menika, saengga panaliti mangetosi *konteks* ukara kathi cetha.
2. *Data* ingkang sampun dipunjumbuhaken menika lajeng dikempalaken, salajengipun ditata utawi dipunketik saha dipunlebetaken wonten ing kartu *data*, dipunurutaken utawi dipunidentifikasi lajeng dipunkategori miturut *kriteria* ingkang sampun dipuntetepaken wonten ing kartu *data*.
3. Lampahing pungkasan *analisis data* inggih menika *data* dipunanalisis bab wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* adhedhasar *konteksipun*, saha damel dudutan saking sadaya *pirembagan* ingkang dipunlampahi ingkang wonten gayutanipun kaliyan panganggening *retorika hiperbola* wonten ing *antologi cerkak Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

Format Tabel 1 Analisis Data

| No | Data | Wujud Satuan Gramatikal | | | Makna | Ginanipun Retorika Hiperbola | | | | Katrangan |
|----|------|-------------------------|---|---|-------|------------------------------|----|-----|----|-----------|
| | | F | K | U | | SNG | NT | NKK | NM | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |

Katrangan :

F : *Frase*

K : *Klausa*

- U : Ukara
 SNG : Saya nggambangaken gegambaran
 NT : Nyangetaken tuturan
 NKK : Nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu
 NM : Nggambaraken manah paraga

F. Caranipun Ngesahaken *Data*

Caranipun ngesahaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas data*. Teknik *validitas* ingkang dipunginakaken panaliten menika inggih menika *teknik validitas semantik* saha *pertimbangan ahli*. *Validitas semantik* dipunlampahi kanthi cara ningali kanthi tliti *data-data* ingkang wonten sambet rapetipun kaliyan *satuan gramatikal hiperbola* dipuntegesi ingkang jumbuh kaliyan *konteksipun*, saengga gampang dipunmangertosi. Tuladhanipun : *Wong klelepe anake wae diwartakake ing koran judhule nganggo huruf sagajah-gajah*. Makna ingkang badhe dipunandharaken wonten ing ukara menika bilih irah-irahan warta wonten koran ngginakaken huruf ingkang ageng sanget, boten huruf ingkang wujudipun kados kewan gajah.

Validitas pertimbangan ahli inggih menika *teknik validitas data* kanthi nyuwun pirsu dhateng tiyang sanes ingkang sampun ahli bab *retorika hiperbola*. *Validitas pertimbangan ahli* saged dipunlampahi kanthi nyuwun pirsu bab *data-data* asiling panaliten dhateng *dosen pembimbing*.

Reliabilitas panaliten menika inggih menika ngginakaken *reliabilitas intra-rater*. *Reliabilitas intra-rater* inggih menika panaliti maos saha ngrembag *data* kanthi tliti saha makaping-kaping saengga saged ngasilaken *data* ingkang *stabil (data ajeg)*.

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Wonten ing bab menika badhe dipunandharaken asiling panaliten saha pirembaganipun wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Asiling panaliten badhe dipunandharaken awujud *tabel* saha *deskripsi* wonten ing pirembagan. Pirembagan tumrap asiling panaliten menika dipunjumbuhaken kaliyan wosing perkawis panaliten menika.

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi *data pemajasan hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. *Data* ingkang sampun dipunpanggihi salajengipun dipunklasifikasi supados saged nemtokaken wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola*.

Klasifikasi data ingkang lengkap badhe dipunandharaken awujud *tabel* ingkang ancasipun supados nggampilaken anggenipun *analisis data*. *Data* ingkang sampun dipunpanggihi wonten ing panaliten menika langkung kathah, saengga boten saged *data* kasebut dipunandharaken kanthi sadayanipun. Awit saking menika, wonten ing pirembagan menika badhe dipunandharaken *sampel* saking *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing *tabel*. *Data-data* ingkang jangkep bab wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* badhe dipunandharaken wonten ing kaca *lampiran*.

**Tabel 2: Wujud Satuan Gramatikal saha Ginanipun Retorika
Hiperbola wonten ing Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man
Anggitanipun Suparto Brata**

| No | Wujud Satuan Gramatikal | Makna Retorika Hiperbola | Ginanipun Retorika Hiperbola | Indikator |
|----|-------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih hurufipun menika ageng sanget. | - Nyangetaken tuturan - Saya nggambangaken gegambaran | <i>Wong klelepe anake wae diwartakake ing koran judhule nganggo huruf <u>sagajah-gajah.</u> (data 58)</i> |
| 2 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih tumindak ing paraga aneh utawi ajaib sanget. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nuwuhaken <i>kesan saha kawontenan tartamtu</i> | <i>Klakon madhangake pandelenge Amet saiki kuwi tumrap Cepelis wis klebu <u>mukjijat.</u> Engatase mung pegawe rumah sakit mripat yayanan, kok bisa ngrekadaya ngusadani wuta gawane paklike malah dadi wong awas. (data 31)</i> |
| 3 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih semangatipun prajurit Nippon menika murup mubyar-mubyar. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Serdhadhu sing maju perang, lumrah upama tiwas ing palagan lan ora bali mulih. Apamaneh wong Nippon budhal perang kanthi semangat <u>makantar-kantar.</u> (data 53)</i> |
| 4 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih toya wonten ing segara menika katon kathah sanget saha sumorot bening | - Saya nggambangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Saito banjur ambyur menyang segara. Ambyur ing banyu kang <u>kimplah-kimplah</u> warata ing saindhenge lan saadoh-adohe pandulu. (data 52)</i> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|--------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 5 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih paraga anggenipun nyerat layang dawa sanget. | - Nyangetaken tuturan - Saya nggamblangaken gegambaran. | <i>Rumangsa dipercaya mbarek uwong. Kathik arek wedok ayu pisan! Pengin nolung. Ya gak ketang cumak menghibur. Langsung ae daktolis layang duawaaa. Koyok crita cekak ae.</i> (data 18) |
| 6 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih lelakon ingkang dipunlampahi sampun kathah sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu | <i>Saking kerepe goroh, Suyati dhewe ngati garuh, embuh endi crita sing satemene. Suyati padha karo wong wadon-wadon kancane ing kampung kono prasasat urip mawa sewu lelakon.</i> (data 12) |
| 7 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih kawontenan kali Ngayogyakarta menika jeru sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. | <i>Kaline Ngayogyakarta ya ngana kae, jeruuu njuleg dhasare!</i> (data 45) |
| 8 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bab panggenan ing pundia kemawon sinaosa tebih sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nggambaraken manah paraga | <i>“Dhik Wati! Aja tinggal glanggang colong playu! Aku arep ngoyak kowe nganti tekan pucuke jagad!”</i> (data 17) |
| 9 | <i>Frase</i> | Ngandharaken bilih paraga nindakaken tumindak sinau ingkang temenan, mepeng sarta greget sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu | <i>Kuliyahku ae sik mblakrak, dorung genah kapan marine. Prasaku sinau ya wis ngotot ngeden, tapine wingi iku ekonomi pembangunanku pancet oleh D.</i> (data 20) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|--------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 10 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih paraga ndhugal sanget kados makhluk ingkang tumindakipun ala sanget. | - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. - Nyangetaken tuturan | <i>Ngati-ati Zam, srawung karo cah siji kuwi. Pinter ning ya ndhugale kaya <u>setan alas</u> ngono kuwi. (data 46)</i> |
| 11 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken manah paraga ingkang saweg bingah sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nggambaraken manah paraga | <i>Ati wadon, dielem ayu dening wong lanang nggatheng! Wah! Mbedheheg <u>mubal ngambra-ambra</u> ngebaki dhadha, nganti ambegane sesek. (data 42)</i> |
| 12 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken pasuryanipun tiyang putri ingkang ayu sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Blereng srengenge durung entek ndadak wis dipapagake swara alus, wadon, terus ... bareng sulape wis ilang, katon rupane arek wedok sing nyuwara mau <u>huayu cespleng.</u> (data 2)</i> |
| 13 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken sumoroting cahya soca ingkang murup sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Mripate sumorot, <u>murup manther</u>, sorot mripat kang biyen kerep dinggo mandeng tukang kendhang Pak Sarima. (data 3)</i> |
| 14 | <i>Frase</i> | - Ngandhraken griyanipun Pak Carik ingkang ageng sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. | <i>Pak Carik tetep sugih <u>omahe magrong-magrong.</u> Nanging dheweke ora bisa ngendhang. (data 5)</i> |
| 15 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken manah paraga | - Nyangetaken tuturan - Nggambaraken | <i>Kawit mau aku rak wis kandha, klambi abang jarit Sekarjagad kuwi ayu, rak iya</i> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|--------------|---------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | ingkang bingah sanget. | manah paraga | <i>ta? Saiki saya yen ngomong mesem ngujiwat mengkono, Aduh Mak, <u>mbalung pakel</u> tenan!</i> (data 8) |
| 16 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken pasuryan ingkang bunder sanget saha tutuk ingkang wiyar sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>“Sori, Mek, aki isih eman karo mripatku. Rusak iki mengko yen mloloki rai <u>bunder kepleng</u> karo cangkem <u>amba sakilan</u> ngono!”</i> (data 13) |
| 17 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken gunggung tiyang putri ing donya ingkang kathah sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Wong wedok kaya Ramda rak ora mung siji dheweke ing donya iki <u>oakeh tunggale</u>, golek liyane wae!</i> (data 14) |
| 18 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken pasuryanipun tiyang putri ingkang ayu sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Coba aku anake wong sugih, wong kuwasa, duwe mobil, o, wong wedok kaya Ramda kuwi ora bakal dakcathet ing atiku. Mesthi golek sing <u>luwih hoayu</u> maneh.</i> (data 16) |
| 19 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken satunggaling tumindak kaping kathah sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Sing dakherani kok ya isok aku nulis dawane sakdhepa ngono. Padhahal lek gawe skripsi, ukara siji ae metune kudu ngeden <u>ping selawelikur</u>.</i> (data 19) |
| 20 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken satunggaling kendharaan ingkang mesinipun | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Mesine bis malem <u>jan huebat</u>. Bis mlencing koyok karepku.</i> (data 24) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|--------------|---------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | hebat sanget. | | |
| 21 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken kawontenan padharan ingkang mblendhuk sanget. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Sing nampa dhuwit nganti <u>mblendhuk wetenge</u> para begal kalung dhasi, sing baut nyogok-ogok tim pejabat.</i> (data 25) |
| 22 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken satunggaling kawontenan ingkang sakit sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nggambaraken manah paraga | <i>Ah, kasenengan kang ngrembaka ing dhadhane. Wong wadon yen nyiwel ora marakake lara, nanging marakake mbedhedheg, <u>pingget njarem</u> trusing ati.</i> (data 26) |
| 23 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih raganipun menika kraos benter sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Digoleki tangane Cakrak, dikekepake ing awake kang <u>nyetrum kemranyas</u> yen disenggol kanthi pucuke driji lima.</i> (data 27) |
| 24 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken kawontenan raganipun Si ingkang kuru sanget. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Sanajan anggone memitran karo Si wis samono lawase, nanging lagi saiki Man migatekake pawakane Si kuuruuu, <u>kuru-ru-ru banget.</u></i> (data 35) |
| 25 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken raos manah paraga ingkang nrenyuhaken sanget. | - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu - Nggambaraken manah paraga | <i>Ora wani Man nyawang sorote mripat wadon kang manther mau, prasasat nyawang srengenge. Bloloken, panas, nunjem lan <u>ngobong atine.</u></i> (data 36) |
| 26 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken raos manah paraga | - Nyangetaken tuturan - Nggambaraken | <i>Ana maneh sing <u>nabrak batine</u> Man. Dhuwit sangune Si. Heh, mau kok ya lali. Wis</i> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|--------------|------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | ingkang nrenyuhaken sanget. | manah paraga | <i>meh ditiliki, digrayangi, kok ya ora sida.</i> (data 37) |
| 27 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken anggenipun bobot jisimipun Si menika awrat sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Kamangka bobote si mayit anggone gedebag-gedibug goyang mrana goyeng mene isih panggah antep kaya mau. Ora ana kurange. Adhuuh, abuot banget. Lungkrah!</i> (data 38) |
| 28 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih jisimipun Si menika sampun mambu boten kepenak sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Jisime Si wis wiwit ngganda! Pipine Si rak pijer-pijer semendhe ing baune! Hoeek buadheg banget. Man kaget bareng ngreti yen asale ambu badheg kuwi saka jisime Si.</i> (data 39) |
| 29 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih kawontenan kali ingkang alit menika jeru sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken <i>kesan saha</i> kawontenan tartamtu | <i>Tanti mlayu, wedi yen dithothol kentole, mlumpat kalen ora tekan. Sikil wis kebacut macik pinggir sisih sabrang, mleset, ceblok. Kecemplung kalen jero, jeruuu banget kaya jurang peteng.</i> (data 40) |
| 30 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken satunggaling akibat ingkang ala sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nuwuhaken <i>kesan saha</i> kawontenan tartamtu | <i>Tanti wedi banget karo bapake. Kereng, galak, cengkilingan, gampang mara tangan. Ora pilih, nyang anake wedok ya ngono. Yen krungu Tanti meteng, wahdhuh, la kaya ngapa murinane! Sida Tanti ditadhah kalamangsa! Sida diidak-idak nganti metu taine enom.</i> (data 44) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|--------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 31 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih Asrining saha garwanipun menika gadhah sipat ingkang ala sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Asrining golek kasugihan nempuh dalam apa wae, nyrempet-nyrempet bebaya alaku nistha lan durjana ya wani. Bareng dhewekke gathuk karo Bas iki, banjur ngreka daya supaya bisa nyingkirake aku. Aku disingkirake, margaaku ngerti tenan pokal culikane wong loro iki. Dakluruhi mbalah aku sing dikuya-kuya. Jan wis dadi <u>setan sakjodho.</u></i> (data 48) |
| 32 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih bandhanipun paraga menika dipuntelasaken dening Asrining ngantos telas sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Asrining iki sing meres bandhaku! <u>Diperes res</u> nganti apuh.”</i> (data 49) |
| 33 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih asiling karya paraga awujud seratan menika saged dados kondhang kaloka sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Lair kok ana ing bumi sing wonge ndableg ora seneng memaca. Upama lair ing Amerika utawa Eropa, enersiku ora percuma, karanganku mesthi wis dadi <u>best seller.</u> Aku dadi wong kecukupan sarana ngedol kepinteranku ngengarang.</i> (data 50) |
| 34 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih asiling karya paraga awujud seratan menika saged | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>“Bajigur, tiwas hak ciptaku wis dakgadhekake marang penerbit Sinar! Mangka critane hoapik, yen diterbika mbesuk mesthi dadi <u>mega bestseller.</u> Karepku mbiyen</i> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|--------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | dados kondhang kaloka sanget. | | <i>arep dakterbitake dhewe.</i> (data 51) |
| 35 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih manahipun paraga menika sumelang saha kuwatir sanget bab arta ingkang sampun dipunkintun menapa dereng dening kancanipun paraga. | - Nyagetaken tuturan - Nggambaraken manah paraga | <i>Apa bener dhuwit sing jare dikirim saka Medan bisa ketampa ing dina iki sadurunge bank tutup? Yen ora? Wahduh! Yen ora, yen mblenjani janji, yen mbayare kae ora ing dina iki, nanging sesuk awan? Blai! Wahduh, klakon <u>sport jantung</u> tenan, ketir-ketir atiku.</i> (data 56) |
| 36 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken kawontenan sedherekipun Jasmana ingkang mlarat sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyagetaken tuturan | <i>Cekake sedulur papat sing biyen royokan sawah lan omahe wong tuwane lan ngipatake Jasmana dadi <u>wong miskin-kin-kin</u> kae, saiki kaya kuwalat, kena siku, nandhang kasangsaran kabeh.</i> (data 57) |
| 37 | <i>Frase</i> | - Ngandharaken bilih pasuryanipun Sentanu menika panas sanget ngantos katon sumerep abang sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyagetaken tuturan | <i>Sentanu muntap atine. Hidro-gidro. Raine krasa <u>panas mangar-mangar.</u></i> (data 59) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|---------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 38 | <i>Frase</i> | Ngandharaken bilih garwanipun paraga menika marem sanget amargi pikantuk dalem sewan ingkang sae. | - Nyangetaken tuturan - Nggambaraken manah paraga | <i>Marem banget. <u>Mareeeeem banget</u> nyonyaku oleh sewan ing Lempersari kuwi.</i> (data 61) |
| 39 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih paraga ajrih sanget kaliyan pasuryanipun Pak Sarima. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu - Nggambaraken manah paraga | <i>Aku wedi karo rupane Pak Sarima, kaya <u>jrangkong urip.</u></i> (data 6) |
| 40 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih pasuryanipun Ken Dhedhes ayu sanget. | - Nggambaraken manah paraga - Saya nggambangaken gegambaran | <i>“Ah, <u>ayumu nyingkirake wediku</u>”.</i> (data 29) |
| 41 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih paraga tresna sanget marang Sukini | - Nggambaraken manah paraga - Nyangetaken tuturan | <i>“Oh, dhik Sukini, <u>aku tresna sratus prosen marang sliramu</u> Nimas”.</i> (data 60) |
| 42 | <i>Klausa</i> | Ngandharaken bilih manahipun paraga sakit sanget amargi kemutan kaliyan lelakon | - Nggambaraken manah paraga - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Tumrapku, jenggelege <u>bangunan-bangunan Kutha Surabaya nandhes nggaleri atiku</u> marga ngelingake lelakon-lelakon kang kepungkur, kuwi kang meksa aku kudu adoh saka kene.</i> (data 9) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|---------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | ingkang sampun dipunlampahi. | | |
| 43 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih ageman ingkang saweg dipunagem paraga menika katon gumebyar sanget | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Wah, kowe sugih tenan saiki ya? Klakon kekarepanmu, <u>klambimu olehe momyor-momyor</u> kaya klambine Hety Kus Endang munggah pentas!</i> (data 47) |
| 44 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih luh kang tumetes menika raos saking manahipun paraga kaliyan Bu Carik ingkang sedhih sanget. | - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu - Nggambaraken manah paraga | <i>Sapatemon iki ora dibancaki pesta raja. Nanging ditaker nganggo <u>luh kang tumetes trusing ati.</u> Luhku lan luhe Bu carik ayu.</i> (data 4) |
| 45 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken sumoroting cahya soca ingkang tansah gesang sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu | <i>Aku mung ora seneng karo <u>sorot mripate kang tansah murup.</u> Mripat angkara!</i> (data 7) |
| 46 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken raos sakit sanget ingkang dipunraosaken dening paraga. | - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu - Nggambaraken manah paraga | <i>Aku ora bisa nyawang galere viaduk sing nyigar tengah kutha, <u>aku rumangsa kecubles atiku</u> saben-saben weruh taman pasuketan ngarep Balai Kota.</i> (data 10) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|---------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 47 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken satunggaling kawontenan manah kanthi kaluwih-luwih. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Mlebu ruwang TV awakku adhem panas. Wis dakkendel-kendelna ngadhep wong tuwa, ndadakna Mawestri ngaleme dipolna, nemplek ceket nggandheng lengenku. Blae! Ambegane krasa sentik-sentik ndhuk guluku, mbarek iramane nyenggol bangkekanku. Jancurit! Cengengesan pisan!</i> (data 22) |
| 48 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih kekajenganipun paraga ingkang nginggil sanget | - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu | <i>Pancen, nemu bojo ya ora. Utawa durung. Nanging omonge ing angen-angen kuwi nembus Sing Duwe Langit. Nyatane Ceplis diundang dening direktur pabrik plastik Peakock.</i> (data 30) |
| 49 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken bilih paningalan paraga sampun saged ningali menapa kemawon ingkang wonten ing alam donya | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. | <i>Meh rong jam, oprasi lagi rampung. Asile apik. Selaput rana kang bureg kasil diangkat, dibedhah lan diseseli silikon bening, kornea mripate saiki bisa nembus alam raya.</i> (data 32) |
| 50 | <i>Klausa</i> | - Ngandharaken anggenipun manah paraga ingkang ajrih sanget kaliyan donya ingkang dipunraosaken dening paraga. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nggambaraken manah paraga | <i>Oo, aku wedi banget ing donya kang munyer-munyer nyolok uteg kaya mau!</i> (data 34) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|-------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 51 | Ukara | - Ngandharaken <i>jantungipun paraga kraos nyuwanten gludhag- gludhgug sanget.</i> | - Nggambaraken manaha paraga - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan ingkang ngajrihi. | <i>Adu pipi ngene dudu pengalaman sepisanan tumrapku karo dheweke, nanging nganggo eluh pancen lagi iki. Nreyuhake! Nratapake ati! <u>Jantungku gemludhug ing jero dhadha.</u></i> (data 1) |
| 52 | Ukara | Ngandharaken bilih <i>sumoroting cahya socanipun Idham menika ngengingi soca dumugi manahipun Tanti</i> | - Nggambaraken manah paraga - Nyangetaken tuturan | <i>Idham gagah, dhuwur piyadege, upama jago mono bangkok ules ireng njarem. Yen ngomong ceplas-ceplos, lucu! <u>Penthelenge pandeng Idham nrabas mripate Tanti,</u></i> <i>ngenani pulung atine.</i> (data 41) |
| 53 | Ukara | - Ngandharaken bilih <i>sumoroting cahya Hanako ngrusak raos tresna ingkang wonten ing tilasing kasmaraning paraga</i> | - Nggambaraken manah paraga. - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Ah, Hanako, kowe memper banget karo Michiko. <u>Mencoronge cahyamu ngobrak-abrik tatu kasmaranku.</u></i> (data 54) |
| 54 | Ukara | - Ngandharaken bilih <i>dhadhanipun paraga boten karuwan sanget</i> kados badhe mbledhos. | - Nggambaraken manah paraga. - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i><u>Dhadhaku rasane mbledhos!</u> Ing badhug ngarep omah nomer 12 katon cah wadon rambut diore dawa lungguh ijen.</i> (data 15) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|-------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| 55 | Ukara | - Ngandharaken bilih sumoroting cahya Socanipun Uun menika adreng sanget. | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Aku meneng. Setiyarku ngalang-alangi Uun sajake ora bakal kasil. Sorot mripate tetep adreng. <u>Sorote mripat menang.</u></i> (data 11) |
| 56 | Ukara | - Ngandharaken bilih manah paraga menika boten karuwan sanget kados keyakipun wayang Jawa Timuran | - Saya nggamblangaken gegambaran - Nggambaraken manah paraga. | <i>Apa iku? Baneke mobil mandheg ndhuk ngarep omah! Taksi! Ana sik modhun! <u>Atiku dhagdhigdugdhog-dherogdog-dog,</u> koyok keyake wayang Jawa Timuran didhupaki mbarek dhalange nalika katene perange Janaka mbarek Cakil.</i> (data 21) |
| 57 | Ukara | - Ngandharaken bilih manahipun paraga menika sakit ngantos njarem amargi jewitanipun kenya Semarang. | - Nyangetaken tuturan - Nuwuhaken <i>kesan saha</i> kawontenan tartamtu | <i>Athoo! Mbok, kemranyas temen arek iki lek njewit. <u>Jewitane Prawan Semarang, Rek, nylekit ndhuk pupu, njarem ndhuk jantung hati.</u></i> (data 23) |
| 58 | Ukara | - Ngandharaken bilih jantungipun paraga menika kados owah geter sanget saha kasetrum ngantos kraos | - Nuwuhaken <i>kesan saha</i> kawontenan tartamtu - Nggambaraken manah paraga. | <i>Cakrak manut lan kepencut. <u>Grengg!</u> Sing nyenggol pucuke driji sing kedher kesetrum tratap jantungge.</i> (data 28) |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|-------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | <i>greengg ing manahipun paraga.</i> | | |
| 59 | Ukara | - Ngandharaken satunggaling kawontenan kanthi kaluwih-luwih. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu | <i>Gage endha, sirahe diglelengake, digedhegake. Heh, <u>Barang padhang kuwi terus wae nunjem liwat mripat tumuju njero bathuke.</u></i> (data 33) |
| 60 | Ukara | - Ngandharaken bilih manahipun Tanti menika kraos adhem panas sanget. | - Nyangetaken tuturan - Nggambaraken manah paraga. | <i><u>Atine Tanti wis adhem panas yen lagi ijen karo Idham,</u> nanging tetep ora wani ngumbar warta marang para kanca.</i> (data 43) |
| 61 | Ukara | - Ngandharaken bilih paraga sasampunipun mbonceng Henky nitih sepedha motoripun Henky, obah geteripun mesin sepedha motor taksih kraos sanget ngantos pucukipun rikma paraga. | - Saya nggambangaken gegambaran - Nyangetaken tuturan | <i>Yen jedhak-jedhek ngetik kaya ngono, la kapan bisa nututi wektu? <u>Getere Yamahane Henky isih krasa nganti pucuke rambut.</u></i> (data 55) |

Adhedhasar tabel panaliten wonten ing nginggil menika, dipunpanggihi wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang arupi *frase, klausa* saha ukara, makna saha ginanipun *retorika hiperbola* ingkang dipunginakaken wonten

ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Makna *retorika hiperbola* dipunbetahaken wonten ing tabel panaliten amargi supados saged mbiyantu anggenipun nganalisis *data*. Kangge nitik wontenipun *pemajasan hiperbola* saha ginanipun menika, mesthi kemawon kawiwitan saking mangertos babagan *konteks* tembung, *frase*, *klausa*, saha ukaranipun. Makna *retorika hiperbola* saged dipunmangertosi saking tembung, *frase*, *klausa* saha ukara ingkang nyengkuyung wedharan kasebut.

Ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata wonten sekawan. Wondene ginanipun *retorika hiperbola* inggih menika (1) saya nggambangaken gegambaran, (2) nyangetaken tuturan, (3) nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha (4) nggambaraken manah paraga. Wonten ing tabel panaliten menika, saged dipuntingali bilih wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang arupi *frase*, *klausa* saha ukara ginanipun supados saya nggambangaken gegambaran, nyangetaken tuturan, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha nggambaraken manah paraga.

B. Pirembagan

Wonten ing bab menika dipunandharaken *pirembagan* saking asiling panaliten kanthi ngginakaken *teknik sampel*. Data ingkang awujud *frase* dipunpendhet *sampel* 11 saking gunggung *frase* wonten ing *tabel analisis data*. Data ingkang awujud *klausa* dipunpendhet *sampel* 5, saha ukara dipunpendhet *sampel* 4 saking gunggung *klausa* saha ukara wonten ing *tabel analisis data*. Asiling panaliten dipunrembag dipunsarengi *data* ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis ing panaliten menika. *Pirembagan* antawisipun wujud *satuan gramatikal*

saha ginanipun *retorika hiperbola* menika satunggal saha satunggalipun boten saged kapisahaken. Bab menika amargi wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* menika wonten sambet rapetipun.

Asiling panaliten nedahaken bilih panganggening wujud *satuan gramatikal* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata arupi *frase*, *klausa* saha ukara. Dene ginanipun *retorika hiperbola* kajumbuhaken kaliyan *konteks* ukaranipun. Pirembagan bab wujud *satuan gramatikal* saha ginanipun *retorika hiperbola* saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

Wujud Satuan Gramatikal saha Ginanipun Retorika Hiperbola wonten ing Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man anggitanipun Suparto Brata.

Wonten ing bab menika badhe dipunrembag ingkang wonten gayutanipun kaliyan wujud *satuan gramatikal*, saha ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* ingkang dipunpanggihi wonten ing panaliten menika wonten tiga, inggih menika *frase*, *klausa* saha ukara. Wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

a. Frase

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pethikan-pethikan *frase* ingkang dipunpanggihi wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Pethikan-pethikan *frase* kasebut inggih menika.

Pethikan *retorika hiperbola* awujud *frase* ugi saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

(1) *Wong klelepe anake wae diwartakake ing koran judhule nganggo huruf sagajah-gajah. (data 58)*

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *huruf sagajah-gajah*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *huruf* minangka *inti frase*, saha *sagajah-gajah* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *huruf sagajah-gajah*. Panganggit ngginakaken tembung *huruf sagajah-gajah* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih klelepipun putranipun Jasmana menika dipunwartakaken wonten ing koran ngginakaken huruf ingkang ageng-ageng.

Ginanipun saking *frase hiperbola huruf sagajah-gajah* inggih menika kangge nyagetaken tuturan saha saya nggambaraken gegambaran. *Frase* menika ngemot teges huruf ingkang ageng sanget. Klelepipun putranipun Jasmana dipunwartakaken wonten ing koran ngginakaken huruf ingkang ageng-ageng. Makna saking konteks *huruf sagajah-gajah* menika namung kangge nyagetaken tuturan. Konteks kasebut ngandharaken bilih *huruf sagajah-gajah* menika huruf ingkang ageng sanget. Gajah inggih menika salah satunggaling kewan ingkang wujudipun ageng. Dados, panganggit ngginakaken *huruf sagajah-gajah* menika kangge ngandharaken dhateng pamaos bilih warta klelepipun putranipun Jasmana kalebet warta ingkang wigatos sanget.

Panganggit ngginakaken tembung *huruf sagajah-gajah* kekajenganipun supados nggambaraken dhateng pamaos bilih klelepipun putranipun Jasmana

dipunwartakaken wonten ing koran ngginakaken huruf ingkang ageng sanget. Huruf ingkang ageng sanget menika saged narik kawigatosanipun pamaos koran supados saged mangertos bilih putranipun Jasmana menika sampun pejah amargi klelep. Saking wigatos sanget, warta ing koran menika ngginakaken huruf ingkang ageng supados saged narik kawigatosan pamaos koran.

Frase hiperbola huruf sagajah-gajah ginanipun ugi saged saya nggambangaken gegambaran. Ukara kasebut nggambaraken dhateng pamaos bilih wonten putra ingkang pejah amargi klelep. Klelepipun putra wau dipunwartakaken wonten ing koran ngginakaken huruf ingkang ageng sanget. Huruf ingkang ageng sanget menika dipungambaraken ngginakaken tembung *huruf sagajah-gajah*, saengga saged narik kawigatosanipun pamaos koran.

(2) *Klakon madhangake pandelenge Amet saiki kuwi tumrap Ceplis wis **klebu mukjijat**. Engatase mung pegawe rumah sakit mripat yayasan, kok bisa ngrekadaya ngusadani wuta gawane paklike malah dadi wong awas.* (data 31)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *klebu mukjijat*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *mukjijat* minangka *inti frase*, saha *klebu* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *klebu mukjijat*. Panganggit ngginakaken tembung *klebu mukjijat* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih paraga wonten ing cariyos menika nindakaken satunggaling tumindak ingkang ajaib utawi nggumunaken sanget. Ceplis ingkang padamelanipun menika namung pegawe *rumah sakit yayasan*, kok ngantos saged

ngrekadaya nambani wuta gawanipun Amet ingkang beyanipun oprasi menika ngantos kathah sanget.

Ginanipun *retorika hiperbola* ing pethikan menika saged saya nggambangaken gegambaran, saha nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu kanthi kelangkung-langkung. Makna saking konteks *frase klebu mukjijat* inggih menika lelakon utawi kadadosan ingkang nyimpang saka kodrat amargi panggawening para Nabi saking karsaning Allah. Mukjijat wonten ing pethikan menika, tegesipun lelakon ingkang dipunlampahi dening Ceplis ingkang boten salimrahipun. Ceplis ingkang padamelanipun namung pegawe *rumah sakit yayasana* kok ngantos saged ngrekadaya nambani wuta gawanipun Amet. Kamangka, upah Ceplis wonten ing rumah sakit menika namung cekap kangge kabutuhan padintenan kemawon.

Kanthi ngginakaken tembung *klebu mukjijat* wonten ing ukara kasebut, tumindakipun Ceplis anggenipun nambani wuta gawanipun Amet saged dipunbayangaken dening pamaos. *Imajinasi* pamaos anggenipun mbayangaken menika langkung cetha menawi tumindakipun Ceplis menika saged kalebet mukjijat. Bab menika saged dipupriksani saking padamelanipun Ceplis ingkang namung pegawe *rumah sakit yayasana* ingkang upahipun sekedhik, nanging saged nambani wuta gawanipun Amet kanthi nglampahi oprasi soca. Arta ingkang damel oprasi soca menika kathah sanget, boten cekap ngginakaken upah Ceplis kemawon. Dados, kangge Ceplis, saged ngrekadaya nambani wuta gawanipun Amet menika sampun kalebet mukjijat kangge piyambakipun.

Kanthi ngginakaken tembung *klebu mukjijat* ugi saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang ngeramaken utawi nggumunaken sanget. Mukjijat ingkang sajatosipun dipunlampahi dening para Nabi, kok saged dipunlampahi ugi dening Ceplis ingkang manungsa biyasa. Ceplis saged nambani wuta gawanipun Amet menika sampun kalebet raos syukur ingkang ageng sanget dhumateng Gusti Allah. Saengga, tumindaking mbiyantu nambani wuta gawanipun Amet menika sampun kalebet kadadosan ingkang ngeram-eramaken sanget tumrap Ceplis.

(3) *Serdhadhu sing maju perang, lumrah upama tiwas ing palagan lan ora bali mulih. Apamaneh wong Nippon budhal perang kanthi semangat makantar-kantar.* (data 52)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *semangat makantar-kantar*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka unsuripun, inggih menika *semangat* minangka *inti frase*, saha *makantar-kantar* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *semangat makantar-kantar*. Panganggit ngginakaken tembung *semangat makantar-kantar* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih serdhadhu Nippon menika menawi nglampahi perang gadhah semangat ingkang ageng sanget. Semangat ingkang ageng wonten ing serdhadhu Nippon menika ngantos murub mubyar-mubyar.

Ginanipun retorika hiperbola wonten ing pethikan menika kangge saya nggambangaken gegambaran saha nyangetaken tuturan. Makna saking konteks *frase semangat makantar-kantar* inggih menika semangat ingkang ageng ngantos ketinggal murub mubyar-mubyar. *Semangat makantar-kantar* wonten ing konteks ukara kasebut nggambaraken semangat serdhadhu Nippon nalika badhe budhal

perang. Serdhadhu ingkang majeng perang limrah menawi pejah wonten ing palagan perang. Semangat serdhadhu Nippon boten ajrih pejah amargi perang, nanging malah gadhah semangat ingkang ageng. Semangat ingkang ageng sanget menika ngantos kados semangat ingkang murub mubyar-mubyar.

Panganggit ngginakaken tembung *semangat makantar-kantar* menika supados saya nggambaraken gegambaran wonten ing penggalih pamaos bilih serdhadhu Nippon menika gadhah semangat ingkang ageng sanget kados ketingal murub mubyar-mubyar. Kanthi ngginakaken tembung *semangat makantar-kantar* menika, pamaos saged mbayangaken bilih serdhadhu Nippon menika estu-estu gadhah semangat ingkang ageng.

Frase semangat makantar-kantar ginanipun ugi saged nyangetaken tuturan. *Semangat makantar-kantar* menika nyangetaken saking semangat ingkang dipungadhahi serdhadhu Nippon. Kangge nggambaraken semangat serdhadhu Nippon menika, panganggit ngginakaken tembung *semangat makantar-kantar* supados nyaosi *penekanan*. Limrahipun, tembung semangat kemawon sampun wakili jiwa serdhadhu Nippon ingkang badhe budhal wonten ing palagan. Panganggit ngginakaken tembung *semangat makantar-kantar* supados nggambaraken dhateng pamaos bilih serdhadhu Nippon menika gadhah semangat ingkang ageng sanget kados ketingal semangat ingkang murub mubyar-mubyar.

Pethikan *retorika hiperbola* awujud *frase* ugi saged dipuntingali malih wonten ing ngandhap menika.

- (4) *Saito banjur ambyur menyang segara. Ambyur ing banyu kang kimplah-kimplah warata ing saindhenge lan saadoh-adohe pandulu.*
(data 53)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *banyu kang kimplah-kimplah*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *banyu* minangka *inti frase*, saha *kang kimplah-kimplah* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *banyu kang kimplah-kimplah*. Panganggit ngginakaken tembung *banyu kang kimplah-kimplah* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih toya wonten ing segara menika kebak sanget. Toya wonten ing segara menika katon kebak sarta bening kilah-kilah.

Frase banyu kang kimplah-kimplah ing pethikan nginggil ginanipun kangge saya nggambangaken gegambaran saha nyagetaken tuturan. Makna saking konteks *frase banyu kang kimplah-kimplah* inggih menika toya segara ingkang kebak sanget sarta bening kilah-kilah. Wonten ing segara, menawi niti priksa warata ing saindhenge saha satebih-tebihipun pandulu namung wonten toya kemawon. Ukara kasebut ngandharaken bilih Saito ambyur wonten ing segara ingkang toyanipun kebak sanget sarta bening sanget. Saito ambyur wonten ing segara amargi badhe ngirangi bobot prau.

Panganggit ngginakaken tembung *banyu kang kimplah-kimplah* menika supados saya nggambangaken gegambaran wonten ing penggalih pamaos bilih wonten ing segara menawi dipuntingali ing sawatara saidhengipun saha satebih-

tebihipun pandulu namung ketingal toya kang kebak sanget. Toya ingkang kebak sanget wau ketingal sumorot bening menawi kosorotan srengenge.

Frase banyu kang kimplah-kimplah ginanipun ugi saged nyaosi nyangetaken tuturan. Panganggit ngginakaken *banyu kang kimplah-kimplah* supados saged ngandharaken dhateng pamaos bilih toya wonten ing segara menika kebak sanget. Toya ingkang kebak wau dipunandharaken mawi tembung *banyu kang kimplah-kimplah* supados saged nggayuh *penekanan* toya ingkang kathah sanget.

(5) *Rumangsa dipercaya mbarek uwong. Kathik arek wedok ayu pisan! Pengin nolung. Ya gak ketang cumak menghibur. Langsung ae daktolis layang duawaaa. Koyok crita cekak ae.* (data 18)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *layang duawaaa*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *layang* minangka *inti frase*, saha *duawaaa* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *layang duawaaa*. Panganggit ngginakaken tembung *duawaaa* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih paraga wonten ing cariyos menika nyerat layang langkung dawa sanget. Paraga anggenipun nyerat layang menika dawa sanget ngantos kados ndamel cerkak. Panyeratan *vokal a jejeg* ingkang langkung saking setunggal huruf menika nedahaken nyangetaken tuturan wonten ing tingkat panjangipun serat menika.

Retorika hiperbola wonten ing pethikan menika ginanipun kangge nyangetaken tuturan inggih menika wonten ing tembung *layang duawaaa*. Makna saking konteks *frase layang duawaaa* inggih menika layang ingkang seratanipun

dawa sanget. Sajatosipun makna *frase layang duawaaa* namung kangge nyangetaken tuturan anggenipun paraga utama nyerat layang kangge tiyang putri. Tuladha kasebut ngandharaken bilih paraga wonten ing cariyos badhe tetulung dhateng tiyang putri wonten ing Semarang. Paraga anggenipun tetulung awujud nyerat layang ingkang dawa sanget supados saged paring panglipur dhateng manahipun tiyang putri ingkang saweg nandhang sakit amargi wonten ing dalemipun menika piyambakipun boten angsal kuliyah.

Ginanipun *retorika hiperbola* wonten ing pethikan menika ugi saged saya nggambaraken gegambaran. Panganggit ngginaaken tembung *layang duawaa* menika supados pamaos menika saged nggambaraken bilih layang ingkang dipunserat dening paraga menika estu-estu dawa sanget. Kanthi ngginakaken tembung menika, pamaos saged mbayangaken bilih pamaos menika saged mriksani layang ingkang dipunserat dening paraga menika langkung dawa sanget. Paraga anggenipun nyerat layang menika malah ngantos kados cerkak ingkang dawa sanget.

(6) *Saking kerepe goroh, Suyati dhewe ngati garuh, embuh endi crita sing satemene. Suyati padha karo wong wadon-wadon kancane ing kampung kono prasasat urip mawa **sewu lelakon**.* (data 12)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *sewu lelakon*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka unsuripun, inggih menika *lelakon* minangka *inti frase*, saha *sewu* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *sewu lelakon*. Panganggit ngginakaken tembung *sewu lelakon* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih

lelakon gesang ingkang sampun dipunlampahi dening Suyati kaliyan kanca-kancanipun menika kathah sanget.

Ginanipun saking *frase hiperbola sewu lelakon* inggih menika kangge saya nggambaraken gegambaran. Makna saking konteks *frase sewu lelakon* inggih menika lelakon ingkang dipunlampahi sampun kathah sanget. Wonten ing cariyos menika, Suyati kaliyan kanca-kancanipun asring goroh anggenipun ngendika kaliyan tiyang sanes. Dinten menika Suyati ngendika dhateng tiyang sanes bilih piyambakipun menika randhanipun PKI. Beda dinten malih, Suyati ngendika bilih piyambakipun menika satemene dereng nate nikah lan sapanunggalanipun. Saking asring goroh, Suyati menika boten mangertos lelakon ingkang sajatosipun wonten ing piyambakipun.

Ukara kasebut nggambaraken dhateng pamaos bilih Suyati kaliyan kanca-kancanipun menika wonten ing panggesangan asring nglampahi tumindak goroh. Goroh amargi gineman piyambakipun dhateng tiyang sanes menika asring beda saben dinten. Saking kathahing tumindak goroh menika saged dipungambaraken ngginakaken tembung *sewu lelakon*.

Frase sewu lelakon ginanipun ugi saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan bilih Suyati kaliyan kanca-kancanipun menika tiyang ingkang kerep goroh. Sipat asring goroh inggih menika sipat ingkang boten becik. Suyati kaliyan kanca-kancanipun menika padamelanipun dados *pekerja seks komersial*. Saben dinten goroh anggenipun nepangaken asma, saha nyariosaken pengalamanipun ing panggesangan supados saged narik kawigatosanipun tiyang kakung.

Tuladhanipun, Suyati asring goroh bilih piyambakipun menika tiyang ingkang taksih kenya, kamangka Suyati menika sampun boten kenya malih.

(7) *Kaline Ngayogyakarta ya ngana kae, **jeruuu njuleg** dhasare!* (data 45)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal hiperbola* awujud *frase* inggih menika *jeruuu njuleg*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *jeruuu* minangka *inti frase*, saha *njuleg* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *jeruuu njuleg*. Panganggit ngginakaken tembung *jeruuu njuleg* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih kawontenan kali ing Ngayogyakarta menika jeru sanget saha ndeder, ngantos njuleg sanget. Dhasaripun kali menawi dipuntingali saking nginggil menika katon tebih sanget. Panyeratan *fonem /u/* ingkang langkung saking setunggal huruf menika nedahaken nyangetaken tuturan wonten ing tingkat jerunipun kali menika.

Ginanipun *frase hiperbola jeruuu njuleg* inggih menika saged saya nggambangaken gegambaran saha nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. Maknanipun saking konteks *frase jeruuu njuleg* inggih menika jarak ingkang tebih saha jeru sanget. Ukara menika kalebet *hiperbola* amargi ngandharaken satunggaling bab kanthi kelangkung-langkung. Inggih dipunandharaken dening panganggit inggih menika kawontenan kali ing Ngayogyakarta. Kawontenan kali ing Ngayogyakarta menika dipungambaraken kali ingkang jeru sanget saha ndeder, malah ngantos njuleg sanget.

Frase jeruuu njuleg nggambaraken dhateng pamaos bilih kawontenan kali ing Ngayogyakarta menika estu-estu jeru sanget. *Imajinasi* pamaos saged

mbayangaken kawontenan kali ingkang jeru sanget menika. Kawontenan kali ingkang jeru sanget menika saged dipungambaraken dening panganggit ngginakaken *frase* menika. *Frase* menika ugi saged *nyangetaken tuturan* anggenipun panganggit ngandharaken kawontenan kali ing Ngayogyakarta ingkang jeru sanget menika. Kawontenan kelangkung-langkung ingkang jeru sanget menika dipunparingi *penekanan* malih arupi dipuntambahi tembung njuleg. Dados, kawontenan kali ing Ngayogyakarta menika jeru sanget saha jarakipun ugi tebih sanget ngantos dhasaripun.

Ginanipun *frase hiperbola jeruuu njuleg* ugi saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang mbebayani sanget. Mriksani kawontenan kali ingkang jeru sanget menika sampun ajrih sanget, menapa malih menawi dhawah wonten ing kali kasebut. Kawontenan kali Ngayogyakarta ingkang *jeruuu njuleg* menika saged mbebayani manungsa utawi kewan menawi dhawah wonten ing kali kasebut. Pamaos anggenipun maos pethikan kasebut, saged mbayangaken *kesan* ingkang ngajrihi sanget amargi kawontenan kali ingkang jeru sanget saha jarakipun ugi tebih sanget ngantos dhasaripun.

Pethikan *retorika hiperbola* awujud *frase* ugi saged dipuntingali malih wonten ing ngandhap menika.

(8) “*Dhik Wati! Aja tinggal glanggang colong playu! Aku arep ngoyak kowe nganti tekan **pucuke jagad!***” (data 17)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *pucuke jagad*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *jagad* minangka *inti frase*, saha *pucuke* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola*

dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *pucuke jagad*. Panganggit ngginakaken tembung *pucuke jagad* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih paraga wonten ing cariyos saweg nandhang tresna. Raos tresna paraga saged dipuwujudaken kanthi badhe ngoyak tiyang putri ingkang dipuntresnani wonten ing pundi kemawon.

Ginanipun *frase hiperbola pucuke jagad* inggih menika kangge saya nggambaraken gegambaran saha nggambaraken manah paraga. Makna saking konteks *frase pucuke jagad* inggih menika panggenan wonten ing pundi kemawon sinaosa tebih sanget. Raos tresna paraga dhateng dhik Wati menika ageng sanget. Menawi dhik Wati nilaraken utawi medhot raos tresna dhateng paraga, paraga badhe ngoyak dhik Wati wonten ing pundi kemawon. Dhik Wati nilaraken paraga wonten ing Amerika tuladhanipun, paraga badhe ngoyak dhik Wati ugi ngantos Amerika. Saking tebih papan panggenanipun, panganggit ngginakaken tembung *pucuke jagad* kangge ngandharaken papan panggonan ingkang tebih sanget.

Kanthi ngginakaken *frase pucuke jagad* menika, panganggit nggambaraken dhateng pamaos bilih paraga menika badhe ngoyak dhik Wati wonten ing pundi kemawon, sinaosa tebih sanget. Papan panggenan wonten ing pundi kemawon menika saged awujud papan ingkang caket menapa tebih saking panggenan wonten ing cariyos menika. *Pucuke jagad* menika saya nggambaraken gegambaran dhateng pamaos bilih paraga badhe ngoyak dhik Wati wonten ing pundi kemawon, sinaosa tebih sanget.

Pethikan wonten ing nginggil menika ginanipun ugi saged nggambaraken manah paraga. Paraga wonten ing cariyos menika tresna sanget dhateng dhik Wati. Raos tresna menika saged dipunwujudaken badhe ngoyak dhik Wati wonten ing pundi kemawon menawi manahipun paraga dipuntilaraken dening dhik Wati. Raos tresna ingkang kelangkung-langkung menika boten sae, malah saged nglampahi kasangsaran.

(9) *Kuliyahku ae sik mblakrak, dorung genah kapan marine. Prasaku sinau ya wis **ngotot ngeden**, tapine wingi iku ekonomi pembangunananku pancet oleh D. (data 20)*

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *ngotot ngeden*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *ngotot* minangka *inti frase*, saha *ngeden* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *ngotot ngeden*. Panganggit ngginakaken tembung *ngotot ngeden* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih paraga anggenipun sinau menika sampun mepeng saha greget nanging bijinipun malah kurang sae. *Frase ngotot ngeden* menika ngandharaken tumindak ingkang temenan, mepeng saha greget anggenipun paraga nglampahi sinau.

Ginanipun *frase hiperbola ngotot ngeden* kangge nyagetaken tuturan saha nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. Makna saking konteks *frase ngotot ngeden* inggih menika nindakaken tumindak ingkang temenan, mepeng saha greget. Wonten ing cariyos menika, paraga sampun sinau kanthi temenan, mepeng saha greget nanging bijinipun Ekonomi Pembangunan malah angsal D.

Biji D menika biji ingkang boten sae sanget wonten ing *pendidikan formal*. Paraga anggenipun sinau ingkang ngotot ngeden menika kekajenganipun supados angsal biji ingkang sae, tuladhanipun biji A. Biji ingkang sae menika namung angen-angen paraga kemawon amargi biji Ekonomi Pembangunan malah angsal D.

Frase ngotot ngeden menika nyagetaken saking tumindak ingkang temenan, mepeng saha greget ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos. Kangge nggambaraken tumindak ingkang temenan, mepeng saha greget menika, panganggit ngginakaken tembung *ngotot ngeden* supados saged nyagetaken tuturan. Paraga wonten ing cariyos menika nindakaken tumindak sinau ingkang *ngotot ngeden* menika supados angsal biji ingkang sae, nanging malah biji D, inggih menika biji ingkang boten sae sanget.

Ginanipun *frase hiperbola ngotot ngeden* ing pethikan menika ugi saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang angel sanget menawi para mahasiswa badhe nindakaken sinau. Sinau menika sajatosipun gampil dipunlampahi dening mahasiswa, menawi mahasiswa sampun kerep nindakaken sinau. Ananging, menawi ingkang sinau inggih menika mahasiswa ingkang kesed, ingkang dipunraosaken mahasiswa kasebut menika angel sanget. Sinau ingkang kapeksa saking raosing manah mahasiswa malah saged ndadosaken asiling sinau menika boten becik. Inggih leres inggih menika nindakaken sinau amargi saking *kesadaran* manahipun mahasiswa piyambak.

(10) *Ngati-ati Zam, srawung karo cah siji kuwi. Pinter ning ya ndhugale kaya setan alas ngono kuwi.* (data 46)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *setan alas*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *setan* minangka *inti frase*, saha *alas* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *setan alas*. Panganggit ngginakaken tembung *setan alas* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih tumindak ing tiyang putra ingkang asmanipun Ogam menika ndhugal sanget. Tumindak ala awujud ndhugal ingkang kelangkung-langkung menika dipungambaraken dening panganggit ngginakaken *frase setan alas*.

Ginanipun *frase hiperbola setan alas* inggih menika kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ngajrihi saha nyangetaken tuturan. Makna saking konteks *frase hiperbola setan alas* inggih menika makhluk ingkang tumindakipun ala sanget. Setan inggih menika makhluk ciptaanipun Gusti Allah ingkang gadhah sipat ala. Sipat ndhugal menika salah satunggaling sipat ingkang ala. Dados, sipat ndhugal inggih menika sipat saking setan. Alas menika palemahan ingkang jembar ingkang kebak wit-witan saha kewan-kewan ingkang galak. *Setan alas* wonten ing pethikan nginggil menika, nggambaraken sipatipun Ogam ingkang ndhugal sanget kaliyan kanca-kanca sanesipun wonten ing kelas.

Kanthi ngginakaken *frase setan alas* menika, *imajinasi* pamaos mbayangaken makhluk ingkang ngajrihi sanget. Tumindak saha pasuryanipun setan alas wonten ing *imajinasi* pamaos ndadosaken *kesan* saha kawontenan ingkang ngajrihi sanget. Sipat-sipat setan salah satunggal menika wonten ing

jiwanipun Ogam. Sipatipun Ogam ingkang ndhugal sanget menika dipungambaraken dening panganggit ngginakaken *frase setan alas*.

Ginanipun *frase setan alas* ugi saged nyangetaken tuturan. *Setan alas* menika nyangetaken saking tumindak ingkang ala kados ndhugal ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos, inggih menika Ogam. Kangge nggambaraken tumindak paraga ingkang ndhugal sanget menika, panganggit ngginakaken tembung *setan alas* supados saged nyangetaken tuturan. Paraga wonten ing cariyos menika nindakaken tumindak ndhugal dhateng kanca-kanca sanesipun, kamangka piyambakipun kalebet tiyang ingkang pinter.

(11) *Ati wadon, dielem ayu dening wong lanang nggatheng! Wah! Mbedheheg **mubal ngambra-ambra** ngebaki dhadha, nganti ambegane sesek.* (data 42)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *frase* inggih menika *mubal ngambra-ambra*. *Frase* menika kaperang saking kalih tembung minangka *unsuripun*, inggih menika *mubal* minangka *inti frase*, saha *ngambra-ambra* minangka *atribut frase*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *mubal ngambra-ambra*. Panganggit ngginakaken tembung *mubal ngambra-ambra* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih manahipun tiyang putri menika mbedhedheg bingah sanget amargi dipunelem dening tiyang kakung ingkang pasuryanipun bagus. Raos bingah tiyang putri menika mundhak ageng sarta mumbul-mumbul sumebar wonten ing manahipun.

Ginanipun *frase mubal ngambra-ambra* menika saged nyangetaken tuturan saha nggambaraken manah paraga. Makna saking konteks *frase mubal*

ngambra-ambra inggih menika raos bingah sanget ingkang saweg dipunraosaken dening paraga. Raos bingah ingkang ageng sanget kasebut ngantos ngebaki dhadha, saha ngantos ambeganipun paraga sesek. Raos bingah ngantos ageng amargi paraga dipunelem dening tiyang kakung ingkang pasuryanipun bagus. Paraga menika ugi saweg nandhang tresna dhateng tiyang kakung menika.

Frase mubal ngambra-ambra menika saged nyangetaken tuturan anggenipun paraga ingkang saweg bingah sanget. Raosing paraga ingkang bingah kasebut ngantos mbedhedheg, ngebaki dhadha saha ngantos ambeganipun paraga sesek. *Frase* menika kalebet *hiperbola* amargi ngandharaken raosing manah paraga kanthi kelangkung-langkung. Raos bingah sanget ingkang dipunraosaken paraga menika boten limrah, amargi ngantos ndadosaken ambeganipun paraga sesek.

Ginanipun *frase mubal ngambra-ambra* ugi saged nggambaraken manah paraga. Manah paraga ingkang dipunraosaken inggih menika bingah sanget amargi dipunelem dening tiyang kakung ingkang bagus saha dipuntresnani paraga. Raos bingah paraga menika katon ageng sanget amargi ngantos mbedhedheg ngebaki dhadha saha saged damel ambeganipun paraga sesek. Raos manah paraga menika mundhak ageng sarta mumbul-mumbul sumebar wonten ing manahipun amargi raos bingah ingkang ageng sanget.

b. Klausa

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pethikan-pethikan *klausa* ingkang dipunpanggihi wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Pethikan-pethikan *klausa* kasebut inggih menika.

(12) *Aku wedi karo rupane Pak Sarima, kaya jrangkong urip.* (data 6)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *klausa* inggih menika *jrangkong urip*. *Klausa* menika kaperang saking kalih tembung, inggih menika *jrangkong* minangka *jejer*, saha *urip* minangka *wasesa*. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *jrangkong urip*. *Jrangkong* inggih menika bebalungan raganipun manungsa ingkang sampun seda utawi kewan ingkang sampun mati. Tembung *jrangkong urip* wonten ing kasunyatan menika boten wonten, saengga tembung menika kalebet kelangkung-langkung. Manungsa ingkang sampun pejah, bebalunganipun ugi namung wonten ing siti ingkang sampun kapendhem, boten malah gesang.

Retorika hiperbola wonten ing pethikan nginggil ginanipun kangge saya nggambangaken gegambaran, nggambaraken manah paraga saha nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ajrih kanthi kelangkung-langkung. Makna saking konteks *klausa jrangkong urip* sajatosipun boten bebalungan manungsa utawi kewan ingkang gesang. Maknanipun inggih menika pasuryanipun Pak Sarima ingkang sampun pating plethot boten karuwan saengga namung radi sumerep balung kemawon, boten sami kaliyan wekdal rumiyin ingkang taksih saweg mudha. Pethikan menika ngandharaken bilih paraga wonten ing cariyos menika ajrih

sanget kaliyan Pak Sarima amargi pasuryanipun Pak Sarima menika sampun pating plethot boten karuwan.

Panganggit ngginakaken tembung *jrangkong urip* menika, supados nggambaraken dhateng pamaos bilih pasuryanipun Pak Sarima menika ngajrihi sanget, ngantos kados *jrangkong* ingkang gesang. Pak Sarima ingkang sajatosipun manungsa kok dipunbandingaken kaliyan *jrangkong*. Kanthi ngginakaken *klausa jrangkong urip*, *imajinasi* pamaos saged mbayangaken gegambaran pasuryanipun Pak Sarima ingkang ngajrihi sanget.

Klausa jrangkong urip ginanipun ugi saged nggambaraken manah paraga. Manah paraga ingkang mriksani pasuryanipun Pak Sarima menika ajrih. Paraga ajrih marang pasuryanipun Pak Sarima ingkang kados *jrangkong* ingkang gesang. Sajatosipun, ingkang ndadosaken pasuryanipun Pak Sarima kados *jrangkong urip* inggih menika kulit ingkang wonten ing pasuryanipun Pak Sarima sampun pating plethot boten karuwan saengga namung radi sumerep balung kemawon. Bab menika ingkang ndadosaken manah paraga ajrih kaliyan Pak Sarima.

Klausa jrangkong urip ginanipun ugi saged ndadosaken *kesan* saha kawontenan tartamtu ingkang kelangkung-langkung inggih menika ngajrihi sanget. Bebalungan ingkang sajatosipun boten saged gesang kok saged gesang, dados pamaos anggenipun maos menika radi ajrih. *Imajinasi* pamaos mbayangaken *jrangkong urip* menika ngajrihi sanget.

(13) “Ah, *ayumu nyingkirake wediku*” (data 29)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *klausa* inggih menika *ayumu nyingkirake wediku*. *Klausa* menika

kaperang saking tembung *ayumu* minangka jejer, *nyingkirake* minangka wasesa saha *wediku* minangka lesan. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *ayumu nyingkirake wediku*. Panganggit ngginakaken tembung *ayumu nyingkirake wediku* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih pasuryanipun Kendhedhes saged nyingkiraken ajrihipun manah paraga. Paraga menika saweg nandhang tresna dhateng tiyang putri ingkang ayu sanget inggih menika Kendhedhes, saengga ngendika kados menika.

Ginanipun *retorika hiperbola* awujud *klausa* wonten ing pethikan menika kangge nggambaraken manah paraga saha saya nggambangaken gegambaran kanthi kelangkung-langkung. Makna saking konteks *klausa ayumu nyingkirake wediku* inggih menika pasuryanipun Kendhedhes ingkang ayu sanget menika saged nyingkiraken raos ajrih wonten ing manah paraga. Ukara *hiperbola* kasebut ngandharaken raosipun manah paraga ingkang saweg nandhang tresna dhateng Kendhedhes. Limrahipun, raos ajrih manungsa menika saged dipunsingkiraken kanthi cara nyaketaken jiwa dhateng Gusti Allah. Ananging wonten ing ukara kasebut, pasuryanipun Kendhedhes ingkang ayu sanget menika ingkang ndadosaken raos ajrih paraga sumingkir.

Kanthi ngginakaken *klausa ayumu nyingkirake wediku* menika, panganggit ngandharaken tumrap pamaos manah ingkang saweg dipunraosaken dening paraga. Paraga menika saweg nandhang tresna dhateng tiyang putri ingkang ayu sanget inggih menika Kendhedhes. Manahipun ingkang dipunraosaken dening paraga inggih menika bingah amargi saweg nandhang tresna.

Klausa ayumu nyingkirake wediku ugi ginanipun kangge saya nggambaraken gegambaran kanthi kelangkung-langkung. Kanthi ngginakaken *klausa ayumu nyingkirake wediku* menika, panganggit saya nggambaraken gegambaran dhateng pamaos bilih paraga menika saweg nandhang tresna dhateng Kendhedhes. *Imajinasi* pamaos saged mbayangaken bilih pasuryanipun Kendhedhes menika ayu sanget.

Pethikan *retorika hiperbola* awujud klausa ugi saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

(14) “*Oh, dhik Sukini, aku tresna sratus prosen marang sliramu Nimas*”. (data 60)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *klausa* inggih menika *aku tresna sratus prosen marang sliramu*. *Klausa* menika kaperang saking tembung *aku* minangka jejer, *tresna* minangka wasesa, *sratus prosen* minangka lesan saha *marang sliramu* minangka panerang. Wonten ing pethikan menika, *hiperbola* dipuntengeri kanthi ngginakaken tembung *aku tresna sratus prosen marang sliramu*. Panganggit ngginakaken tembung *aku tresna sratus prosen marang sliramu* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih paraga wonten ing cariyos menika tresna sanget marang dhik Sukini. Raos tresna ingkang dipunraosaken paraga menika ngantos sratus prosen.

Ginanipun *hiperbola klausa aku tresna sratus prosen marang sliramu* inggih menika kangge nyangetaken raos tresna saha nggambaraken manah panganggit. Makna saking konteks *klausa* menika nyangetaken raos tresna kelangkung-langkung ingkang saweg dipunraosaken dening paraga marang dhik Sukini. Sajatosipun, raos tresna marang manungsa menika boten ngantos sratus

prosen. Raos tresna ingkang sratus prosen menika kedah dipunraosaken manungsa dhumateng Gusti Allah. *Klausa hiperbola* menika dipunginakaken panganggit kangge wakili raos tresna paraga ingkang ageng sanget dhateng tiyang putri ingkang asmanipun dhik Sukini. Raos tresna ingkang ageng sanget menika dipunandharaken ngginakaken wilangan angka ingkang sratus prosen.

Kanthi ngginakaken *klausa* menika, panganggit ngandharaken dhateng pamaos bilih paraga gadhah raos tresna ingkang ageng sanget marang dhik Sukini. Saking agengipun raos tresna kasebut, kagambaraken bilih tresna paraga menika ngantos sratus prosen. Kamangka, sajatosipun raos tresna marang manungsa menika boten luwih saking sratus prosen. Bab menika menawi ukuran raos tresna ingkang paling ageng sanget ngantos sratus prosen. Luwih becik raos tresna sratus prosen manungsa menika namung raos tresna marang Gusti Allah.

Ginanipun *klausa aku tresna sratus prosen marang sliramu* ugi saged nggambaraken manah paraga. Panganggit ngginakaken *klausa* menika supados ngandharaken dhateng pamaos bilih manah ingkang dipunraosaken dening paraga menika saweg nandhang tresna ingkang ageng sanget. Pamaos ugi saged mangertosi manahipun paraga bilih wonten ing cariyos menika saweg nandhang tresna dhateng dhik Sukini. Raos tresna paraga dhateng dhik Sukini menika ageng sanget.

(15) *Tumrapku, jenggelege **bangunan-bangunan Kutha Surabaya** **nandhes nggaleri atiku** marga ngelingake lelakon-lelakon kang kepungkur, kuwi kang meksa aku kudu adoh saka kene. (data 9)*

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *klausa* inggih menika *bangunan-bangunan Kutha Surabaya nandhes*

nggaleri atiku. Klausa menika kaperang saking *tembung bangunan-bangunan Kutha Surabaya* minangka jejer, *nandhes* minangka wasesa saha *nggaleri atiku* minangka lesan. Panganggit ngginakaken *tembung bangunan-bangunan Kutha Surabaya nandhes nggaleri atiku* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih manah paraga saweh nandhang sakit. Jenggelege bangunan-bangunan menika ingkang tansah ngemutaken lelakon-lelakon ingkang sampun kepungkur dhateng paraga, saengga paraga kedah pindah wonten ing panggenan ingkang tebih saking Kutha Surabaya.

Ginanipun *klausa bangunan-bangunan Kutha Surabaya nandhes nggaleri atiku* inggih menika kangge nggambaraken manah paraga saha nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Makna saking konteks *klausa* menika ngandharaken bilih manahipun paraga sakit amargi kemutan kaliyan bangunan-bangunan kutha Surabaya. Manahipun paraga sakit amargi kemutan kaliyan lelakon-lelakon ingkang sampun dipunlampahi rikala jaman rumiyin wonten ing Kutha Surabaya. Lelakon-lelakon menika dipunlampahi paraga kaliyan tiyang putra ingkang dipuntresnani sanget, inggih menika dokter Hasnan.

Kanthi ngginakaken *klausa* menika, paraga nyobi nyariosaken dhateng pamaos lelakon-lelakon ingkang sampun dipunlampahi wonten ing jaman rumiyin. Lelakon-lelakon menika ingkang ndadosaken manahipun paraga sakit sanget. Jenggelege bangunan-bangunan kutha Surabaya menika salah satunggaling bab ingkang ndadosaken manahipun paraga sakit sanget. Manah ingkang sakit menika saged dipuntingali wonten ing *tembung nandhes nggaleri*

atiku. Kenangan ingkang dipunlampahi dening paraga menika ngantos saged nandhes wonten ing manahipun paraga.

Klausa bangunan-bangunan Kutha Surabaya nandhes nggaleri atiku ginanipun ugi saged nuwuhaken kesan saha kawontenan ingkang sakit sanget wonten ing manah. Klausa menika kalebet hiperbola amargi ngandharaken satunggaling bab kanthi kelangkung-langkung. Lelakon-lelakon ingkang sampun dipunlampahi dening paraga menika ngantos nandhes sanget wonten ing manahipun paraga. Amargi nandhes sanget menika, ndadosaken manahipun paraga sakit sanget menawi kemutan lelakon-lelakon ingkang sampun dipunlampahi dening paraga.

Pethikan *retorika hiperbola* awujud *klausa* ugi saged dipuntingali malih wonten ing ngandhap menika.

(16) *Wah, kowe sugih tenan saiki ya? Klakon kekarapanmu, **klambimu olehe momyor-momyor** kaya klambine Hetty Kus Endang mungga pentas!* (data 47)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud *klausa* inggih menika *klambimu olehe momyor-momyor*. *Klausa* menika kaperang saking tembung *klambimu* minangka jejer, saha *olehe momyor-momyor* minangka wasesa. Panganggit ngginakaken *klausa klambimu olehe momyor-momyor* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih ageman ingkang dipunagem dening paraga menika katon gumebyar sanget. Ageman ingkang katon gumebyar menika dipungambaraken kados agemanipun Hetty Kus Endang nalika badhe pentas. Menawi badhe pentas menika agemanipun Hetty Kus Endang katon sumurup, narik kawigatosan saha gumebyar.

Ginanipun *klausa klambimu olehe momyor-momyor* inggih menika saya nggambangaken gegambaran. Makna saking konteks *klausa* menika ngandharaken bilih ageman ingkang saweg dipunagem menika katon gumebyar. Ageman menika katon narik kawigatosan, awis saha sae menawi dipunagem kaliyan paraga, saengga kanca-kanca paraga menika ngendika ngantos momyor-momyor. Wonten ing cariyos, kawontenan paraga rumiyin menika mlarat sanget. Nanging kawontenan sakmenika, paraga dados sugih amargi nyade barang-barang ingkang haram. Wonten ing cariyos menika, paraga ngagem busana ingkang katon gumebyar supados ngatonaken marang kanca-kancanipun bilih piyambakipun menika sampun sugih boten sami kaliyan kawontenan rumiyin.

Kanthi ngginakaken *klausa* menika, *imajinasi* pamaos saged mbayangaken piyambak bilih ageman ingkang dipunagem dening paraga menika katon momyor-momyor utawi katon gumebyar sanget. Ageman ingkang gumebyar menika beda kaliyan ageman ingkang asring dipunagem paraga saben dinten. Paraga ngagem busana ingkang gumebyar menika amargi wonten acara reuni kaliyan kanca-kancanipun.

Klausa klambimu olehe momyor-momyor ginanipun ugi saged nyaosi nyagetaken tuturan. Kanthi ngginakaken *klausa* menika, panganggit ngandharaken dhateng pamaos bilih busana ingkang dipunagem paraga menika katon gumebyar sanget. Saking momyor-momyor busananipun kasebut, kagambaraken ngantos kados busananipun Hety Kus Endang nalika badhe pentas. Hety Kus Endang nalika badhe pentas asring ngagem busana ingkang awis, narik kawigatosan saha katon gumebyar. Busana ingkang dipunagem paraga menika

kirang langkung sami gumebyaripun Hety Kus Endang nalika badhe pentas, saengga katon momyor-momyor.

c. Ukara

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pethikan-pethikan ukara ingkang dipunpanggihi wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata. Pethikan-pethikan ukara kasebut inggih menika.

(17) *Adu pipi ngene dudu pengalaman sepisanan tumrapku karo dheweke, nanging nganggo eluh pancen lagi iki. Nreyuhake! Nratapake ati!*
Jantungku gemludhug ing jero dhadha. (data 1)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud ukara inggih menika *jantungku gemludhug ing jero dhadha*. Ukara menika kaperang saking tembung *jantungku* minangka jejer, *gemludug* minangka wasesa saha *ing jero dhadha* minangka panerang. Panganggit ngginakaken ukara *jantungku gemludhug ing jero dhadha* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih manahipun paraga saweg trenyuh. Manahipun paraga trenyuh amargi adu pipi kaliyan tiyang putri ingkang dipuntresnani ngantos medalaken luh ingkang tumetes saking lebeting manah piyambak-piyambak.

Ginanipun ukara *jantungku gemludhug ing jero dhadha* inggih menika kangge nggambaraken manah paraga saha nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Makna saking konteks ukara menika jantungipun paraga kraos nyuwanten gludhag-gludhug sanget. Jantung saha manahipun paraga gemludhug amargi trenyuh nalika adu pipi kaliyan tiyang putri ingkang dipuntresnani ngantos medalaken luh. Luh menika tumetes amargi raos tresna ingkang dipunraosaken paraga kaliyan tiyang putri menika. Wonten ing cariyos menika, tiyang putri

menika badhe nilaraken paraga amargi badhe krama kaliyan putra sanesipun. Adu pipi menika wujudaken *salam perpisahan* kangge paraga, saengga kadadosan menika nrenyuhaken saha saged medalaken luh kang tumetes.

Kanthi ngginakaken ukara menika, panganggit ngandharaken dhateng pamaos bilih manahipun paraga menika saweg sedhah amargi badhe dipuntilaraken dening tiyang putri ingkang dipuntresnani sanget. Manah ingkang sedhah menika awujud luh ingkang tumetes wonten ing pipi paraga saha tiyang putri ingkang dipuntresnani. Adu pipi menika ngantos medalaken luh ingkang tumetes amargi piyambak-piyambakipun gadhah raos tresna ingkang ageng. Nanging tiyang putri menika malah nilaraken paraga saha badhe krama kaliyan putra sanesipun.

Ukara *jantungku gemludhug ing jero dhadha* ginanipun ugi saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang ngajrihi sanget. Jantung kok saged gemludhug. Sajatosipun, gemludhug menika swanten gludhug nalika wonten jawah ingkang deres sanget. Kawontenan ingkang menika saged ngajrihi sanget tumrap manungsa utawa kewan lan sanesipun. Gemludhug wonten ing ukara *jantungku gemludhug ing jero dhadha* menika nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang nrenyuhaken amargi kawontenan paraga ingkang badhe dipuntilar marang tiyang ingkang dipuntresnani sanget. Kawontenan menika ingkang damel paraga manahipun sedhah.

(18) *Idham gagah, dhuwur piyadege, upama jago mono bangkok ules Ireng njarem. Yen ngomong ceplas-ceplos, lucu! **Penthelenge Pandeng Idham nrabas mripate Tanti**, ngenani pulung atine.*
(data 41)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud ukara inggih menika *penthelenge pandeng Idham nrabas mripate Tanti*. Ukara menika kaperang saking tembung *penthelenge pandeng Idham* minangka jejer, *nrabas* minangka wasesa saha *mripate Tanti* minangka lesan. Panganggit ngginakaken ukara *penthelenge pandeng Idham nrabas mripate Tanti* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih sumoroting pandeng Idham menika nrajang ngantos soca dumugi pulung manahipun Tanti. Kadadosan menika nalika Idham saha Tanti saweg pandeng-pandengan soca anggenipun ngatonaken raos tresna piyambak-piyambakipun.

Ginanipun ukara *penthelenge pandeng Idham nrabas mripate Tanti* inggih menika kangge nggambaraken manah paraga. Makna saking konteks ukara menika nedahaken bilih sumoroting cahya socanipun Idham menika ngengingi soca dumugi manahipun Tanti. Idam menika saweg nandhang tresna dhateng Tanti, saengga nyawang socanipun Tanti supados saged damel Tanti tresna dhateng piyambakipun. Tumindak ing Idham menika pranyata saged damel manahipun Tanti tresna ugi dhateng Idham.

Kanthi ngginakaken ukara menika, panganggit ngandharaken dhateng pamaos bilih Idham menika saweg nandhang tresna dhateng Tanti. Raos tresna Idham dhateng Tanti menika saged awujud kanthi sumoroting pandeng Idham nyawang socanipun Tanti. Penthelengipun soca Idham ngantos nrabas saha nrajang wonten ing socanipun Tanti, malah ngantos pulung manahipun Tanti.

Pethikan *retorika hiperbola* awujud ukara ugi saged dipuntingali malih wonten ing ngandhap menika.

(19) *Ah, Hanako, kowe memper banget karo Michiko. Mencorongé cahyamu ngobrak-abrik tatu kasmaranku.* (data 54)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud ukara inggih menika *mencorongé cahyamu ngobrak-abrik tatu kasmaranku*. Ukara menika kaperang saking tembung *mencorongé cahyamu* minangka jejer, *ngobrak-abrik* minangka wasesa saha *tatu kasmaranku* minangka lesan. Panganggit ngginakaken ukara *mencorongé cahyamu ngobrak-abrik tatu kasmaranku* menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih sumoroting cahya Hanako menika ngrusak raos tresna paraga ngantos pating blengkrah. Manahipun paraga saweg nandhang tresna kaliyan Hanako, amargi pasuryanipun Hanako radi sami kaliyan pasuryanipun Michiko.

Ginaning ukara *mencorongé cahyamu ngobrak-abrik tatu kasmaranku* inggih menika kangge nggambaraken manah paraga saha nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Makna saking konteks ukara menika nedahaken bilih sumoroting cahya Hanako ngrusak raos tresna ingkang wonten tilasing kasmaraning paraga. Pasuryanipun Hanako menika radi sami kaliyan pasuryanipun Michiko, inggih menika sami-sami ayu. Wonten ing cariyos menika, rumiyin paraga tresna kaliyan Michiko nanging boten angsal restu saking rama saha ibu. Sasampunipun kepanggih kaliyan Hanako, paraga ngraos tresna marang Hanako amargi pasuryanipun radi sami kaliyan Michiko. Tilasing manah tresna paraga kados dipunrusak saha dipunobrak-abrik kaliyan sumoroting cahyanipun Hanako.

Ukara menika saged nggambaraken manah paraga. Paraga gadhah raos tresna ingkang ageng marang Hanako. Raos tresna paraga menika saking pasuryanipun Hanako ingkang memper sanget kaliyan Michiko. Sajatosipun, Hanako sampun gadhah garwa saha Hanako ugi tresna marang garwanipun. Nanging paraga boten preduli kaliyan kawontenan kasebut amargi paraga ugi tresna sanget marang Hanako. Paraga sampun kena “*tresna iku wuta*” marang Hanako, ngantos boten preduli marang kahanan saha kawontenan ingkang sajatosipun bilih Hanako menika sampun gadhah garwa.

Ukara menika ugi saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang ngajrihi sanget. Manah manungsa kok saged dipunobrak-abrik kaliyan sumoroting cahya pasuryan. Ukara menika ngandharaken raos tresna kanthi kelangkung-langkung. Manah paraga menika dipunrusak kaliyan raos tresna paraga dhateng Hanako ingkang pasuryanipun sumerep Michiko.

(20) ***Dhadhaku rasane mbledhos!*** *Ing badhug ngarep omah nomer 12 katon cah wadon rambut diore dawa lungguh ijen.*(data 15)

Wonten ing pethikan menika, wujud *satuan gramatikal retorika hiperbola* awujud ukara inggih menika *dhadhaku rasane mbledhos!* Ukara menika kaperang saking tembung *dhadhaku* minangka jejer, saha *rasane mbledhos* minangka wasesa. Panganggit ngginakaken ukara menika supados nggambaraken dhateng pamaos bilih dhadhanipun paraga kraos mbledhos amargi kaget kaliyan bingah, wonten ing ngajeng griya nomer 12 wonten tiyang putri ingkang rambutipun panjang sarta lenggah piyambakan. Tiyang putri kalawau inggih menika tiyang putri ingkang dipuntresnani dening paraga.

Ginaning ukara *dhadhaku rasane mbledhos* inggih menika kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu saha nggambaraken manah paraga. Makna saking konteks ukara menika nedahaken bilih dhadhanipun paraga menika kados mbledhos amargi sumerep tiyang putri ingkang dipuntresnani lenggah wonten ing ngajeng dalem nomer 12. Ukara menika saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu ingkang ngajrihi sanget, amargi menawi dhadhanipun mbledhos menika ateges saged ndadosaken tiyang menika pejah. Saumpani dhadhanipun paraga saestu mbledhos, wosing raga paraga tumut risak sedayanipun. Jantung, manah, ginjel lan sapanunggalanipun medal saking raganipun paraga. Kawontenan menika ingkang ndadosaken ngajrihi sanget.

Ukara *dhadhaku rasane mbledhos* ugi saged nggambaraken manah paraga. Manah ingkang dipunraosaken paraga inggih menika kaget sarta bingah amargi sumerep sumerep tiyang putri ingkang dipuntresnani lenggah wonten ing ngajeng dalem nomer 12. Wonten ing cariyos, paraga sampun dangu sanget boten sumerep tiyang putri menika. Paraga sampun madosi tiyang putri ingkang dipuntresnani ing pundia kemawon, ananging tetep kemawon boten pinanggih. Saking dangunipun boten sumerep, ndadosaken manah paraga kaget sarta bingah amargi sampun sumerep tiyang putri menika.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun ingkang sampun dipunlampahi, saged dipunpendhet dudutan. Dudutan ingkang dipunpanggihi inggih menika wonten kajumbuhan antawisipun menapa ingkang dipuntliti kaliyan teori *retorika*, mliginipun *pemajasan hiperbola* ingkang kathah dipunpanggihi wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

Dudutan saking panaliten menika wonten ing ngandhap menika.

1. Wujud *satuan gramatikal* ingkang dipunpanggihi wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata inggih menika arupi *frase*, *klausa* saha ukara.
2. Ginaning *retorika hiperbola* wonten *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata inggih menika kangge saya nggambaraken gegambaran, nyangetaken tuturan, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha nggambaraken manah paraga. Ginaning *retorika hiperbola* menika kajumbuhaken kaliyan konteks ukaranipun.

Karya sastra ingkang awujud cerkak mbetahaken basa ingkang endah, sae, saha *variatif* supados saged narik kawigatosan pamaos. Supados saged nggayuh sadaya kalawau, Suparto Brata minangka panganggit ngginakaken *unsur-unsur retorika* wonten ing *antologi* cerkak menika. Suparto Brata anggenipun nyerat *antologi* cerkak menika kathah ngginakaken *unsur retorika*, mliginipun *pemajasan hiperbola*. *Retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si*

lan Man menika awujud *frase, klausa* saha ukara. Kekajenganipun ngginakaken *retorika hiperbola* wonten ing *antologi* cerkak menika supados *karya sastra* ingkang awujud cerkak menika langkung endah, sae, *variatif*, narik kawigatosan pamaos saha saged nengsemaken pamaosipun.

B. Pamrayogi

Adhedhasar asiling dudutan panaliten wonten ing nginggil, panaliti badhe ngandharaken pamrayogi. Pamrayogi kasebut inggih menika.

1. *Pemajasan hiperbola* ingkang wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata saged dipundadosaken *referensi* pasinaon bab *retorika*, mliginipun bab *pemajasan* wonten ing *antologi* cerkak utawi cerkak.
2. Panaliten tumrap *pemajasan hiperbola* menika namung ngandharaken salah setunggal *aspek*, saking salah setunggal jinising *retorika* mliginipun bab *pemajasan*. Awit saking menika, kedah dipunlampahi panaliten ingkang sanesipun tumrap *antologi* cerkak utawi cerkak ingkang ngginakaken *analisis* ingkang sami utawi beda.

C. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata kathah ngginakaken *unsur retorika*, mliginipun *pemajasan hiperbola*. Panaliten menika gadhah manpang kangge nambahi *perbendaharaan* panaliten bab *retorika*, mliginipun *pemajasan*

ingkang wonten ing *antologi* cerkak *Lelakone Si lan Man* anggitanipun Suparto Brata.

Panaliten menika gadhah manpangat kangge para *pengajar*, inggih menika panaliten menika ugi saged dipundadosaken kangge *referensi* pasinaon bab *retorika*, mliginipun *pemajasan hiperbola* wonten ing *karya sastra*. Kangge mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY, asiling panaliten menika saged dipundadosaken ngelmu wonten ing bab *retorika*, mliginipun *pemajasan*. Kangge pamaos, asiling panaliten menika saged dipunginakaken dados *referensi* kangge panaliten sanesipun, mliginipun ingkang wonten gayutanipun kaliyan ngelmu *kebahasaan saha kesastraan* ingkang kajianipun arupi *antologi* cerkak utawi cerkak.

DAFTAR PUSTAKA

- Arifin, Syamsul, dkk. 1989. *Tipe–Tipe Klausa Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Badrun, Ahmad. 1989. *Teori Puisi*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Brata, Suparto. 2005. *Lelakone Si lan Man*. Yogyakarta: Narasi.
- Fanie, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Jatirahayu, Warih. 2007. *Manca Warna Kawruh Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Pelangi.
- Keraf, Gorys. 2007. *Diksi Dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- _____ 2001. *Tata Bahasa Indonesia*. Flores: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mulyana. 2009. *Linguistik Umum*. Yogyakarta : Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Neuman, Laurence W. 2000. *Social Research Methods, Qualitative and Quantitative Approache*. USA : Allyn & Bacon.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- _____ . 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurhayati, Endang & Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa Kajian Filologi, Morfologi, Sintaksis dan Semantik*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Parera, J.D. 2009. *Dasar – Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: Erlangga.
- Pradopo, Rahmad Djoko. 2009. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- _____ 2007. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

- Prastawa, Andi. 2011. *Memahami Metode-Metode Penelitian*. Yogyakarta : Ar-Ruzz Media
- Poerwadarminto, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters Uitgevers Maatschappij N. V Groningen.
- Ramlan, M. 1987. *Ilmu Bahasa Indonesia Sintaksis*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- _____ 1987. *Ilmu Bahasa Indonesia Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV Karyono.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.
- Sayuti, Suminto A. 1985. *Puisi dan Pengajarannya: Sebuah Pengantar*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Kanisius.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik (bagian pertama) Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Soeparno. 2002. *Dasar-Dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Suprapti. 2000. *Sarana Retorika Pada Cerbung Suket Teki Karya Suwardi Endraswara di Majalah Panjebar Semangat*. Skripsi. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Pengajaran Kosakata*. Bandung: Angkasa.
- _____ 1985. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Teeuw A. 1983. *Membaca dan Menilai Sastra*. Jakarta: Gramedia.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Jurusan. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Fakultas. 2011. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.

- Tim Tugas Akhir Skripsi Universitas. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Tim Redaksi KBBI Edisi Ketiga. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Waluyo, Herman J. 1987. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta: Erlangga.
- Wibawa, Sutrisna dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata Pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Pendidikan Guru Sekolah Dasar Fakultas Ilmu Pendidikan UNY.
- Werren, Austin dan Wellek, Rene. 1993. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.

LAMPIRAN

Tabel 3 : Analisis Wujud Satuan Gramatikal saha Ginanipun Retorika Hiperbola wonten ing Antologi Cerkak Lelakone Si lan Man Anggitanipun Suparto Brata

| No | Data | Wujud Satuan Gramatikal | | | Makna | Ginaning Retorika Hiperbola | | | | Katrangan |
|----|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------|---|---|----------------------------------------------------------|-----------------------------|----|-----|----|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | F | K | U | | SNG | NT | NKK | NM | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
